

TIDAK DIPERJUALBELIKAN  
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara  
Perpustakaan Nasional, 2011

# Babad Madura

Moelyono Sastronaryatmo



PNRI



Balai Pustaka



## **BABAD MADURA**



# BABAD MADURA

Alih aksara

MOELYONO SASTRONARYATMO



**Diterbitkan oleh  
Prpyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah**

**Hak pengarang dilindungi undang-undang**

## KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memeriukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

**Jakarta 1981**

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah



## I. PUPUH ASMARADANA.

1. Kasmaran dene pawarti  
Jeng Gusti Pangran Dipatya  
Arya Kusumayudane  
anujwa ari sajuga  
lenggah madyeng pandhapa  
dene kang dadya pangayun  
Dyan Riya Cakrawinata.
2. Dadya sesowan Jeng Gusti  
ngirid pra mayor sadaya  
Litnal Kolnel ajidane  
Dyan Panji Swarawinata  
Litnan Kolnel Radyan Mas  
Arya Adiwinateku  
Mayor Kumpeni tamtama.
3. Mayor Carangan Kumpeni  
Dyan Riya Padmawinata  
Mijipinilih Mayore  
Rahadyan Mas Riya Yuda-  
winata tuwin Dyan Mas  
Riya Jayengwinateku  
Mayor Kumpeni Jengastra.
4. Niryuda Kumpeni Jawi  
pun Panji Diijawinata,  
Kumpeni Nirpringga Mayore  
Dyan Panji Ranuwinata  
Kumpeni Nirwesthi Mayonya  
Dyan Panji Tirtasariku  
Mayor Kumpeni Macanan.

5. Dyan Riya Suralayeki  
Mayor Wikaran Dyan Riya  
Tirtawinata lan maleh  
Kumpeni Anirmala  
Mayor Rahadyan Riya  
Pringgawinata pan antuk  
ganjaran Letnan Kolnelnya.

6. Mayor Danudananeki  
mapan Radyan Mas Arya  
Prawirawinata maleh  
Dyan Mas Riya Nataningrat  
Kumpeni Jagapura  
Dyan Mas Burbawinateku  
Mayor Kumpeni Jagapraja.

7. Dene Mayor Dorapati  
Dyan Panji Wignyawinata  
sing branyak dalah entute  
bentet jejel yel-uyelan  
pendhapa Sumayudan  
Kapitan Opsir supenuh  
Kumpeni lebet-jawi pepak.

8. Tuwin atmajeng Jeng Gusti  
putra mantu Jeng Pangeran  
Arya Kusumabratane  
Rahadyan Mas Mayor Arya  
Yudawinata lawan  
arinya ingkang sumundhul  
Dyan Mas Panji Sumatmaja.

9. Tumi'lya arenireki  
Dyan M is Panji Jayengtilam  
Dyan Mas Panji Sengsarine  
Jeng Gustya Ion angandika  
heh wa Cakrawinata  
wruhanta manira sung wruh  
utawi ngiras parentah.

10. Kula sampun anempeni,  
dhawuh-dalem Srinarendra  
nglampahi ayahan katong  
dhumateng Nagri Madura  
klilan numpak baita  
methuk badhe garweng prabu  
angkat kula wulan Sawal.

11. Kaping nem nuju dineki  
Arbo-kliwon pan sayogya  
sami lan wedalaningong  
wa Kolnel Cakrawinata  
dene sapengker kula  
prentahan prajurit sampun  
kula pasrah ing sampeyan.

12. Yen wonten sababireki  
inggal lapora kakangmas  
Dipati Ngabehi mawon  
sandika kang ingujaran  
thole Kusumabrata  
sun mekas ngger saungkurku  
adhimu Den Ayu Riya.

13. Yudawinata enggoning  
meteng wus meh pitung candra  
yen dungkap mangsa sirangger  
angaturana wuninga  
mring ramakmu Ki Lurah  
Jeng Pangran Kusumabrateku  
sandika ing aturira.

14. Yudawinata sireki  
adhimu telu takgawa  
Jayengtilam Sengsarine  
Singangsam ganep katrinya  
Sumaatmaja sira  
sing becik nggonmu atunggu  
mring kakangmu lan somahnya.

15. Thole Swarawinateki  
sun jaluk maryem sajuga  
sing patut neng prau nggone  
gawanana patrum pisan  
ywa kurang triyatus ana  
kopral siji Jajar catur  
lan bedhug siji jam juga.

16. Sun sangu gamelan mesthi  
cumpenan bae prayoga  
mung rong wewayangan bae  
pelog siji slendro juga  
pepak ywa kekurangan  
lan Carabalen ywa kantun  
wong neng prau mesthi sesak.

17. Gonge gedhe mung serakit,  
kempul lawan gong suwukan,  
tledheke si Lamat bae  
begender si Sindukrama  
sandika ingujaran  
Jeng Gusti angawe gupuh  
Dyan Kapitan Jayengrana.

18. Majeng caket mring Jeng Gusti  
kang Jengrana miluwa  
gawemu banget perlune  
saturute lakoningwang  
ayahaning Srinarendra  
purwa madya kongsi kemptut  
jroning ayahan Madura.

19. Banjur tembangna sing becik  
nulada pujanggeng praja  
menawa ana bejane  
karsendra iyasa layang  
babade dhek Maduran  
menek dadi babon besuk  
iya ta mangsa bodhoa.

**20. Dadi besuk amenehi  
layang Babad Sumayudan  
lan yasan-dalem pan geseh  
yasan kraton lan kasatriyan  
tumungkul Jayengrana  
sandika ing aturipun  
ulat manis tur wiraga.**

**n. PUPUH DHANDHANGGULA.**

1. Manggyuh ing tyas denya mrih utami  
mudha dama peksa ambeg guna  
telad kang wignyeng angene  
karsane Sang Ngaulun  
Kangjeng Gusti Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda  
wadya Sri mapunggun  
karsa pinardi miguna  
pkirih suka kang maos lan kang miyarsi  
criteng sinawung sekar.

2. Nanging tansah kewraning pangawi  
tangeh kadya pujanggenging praja  
mung dupara den yunake  
nggegayuh tyas margiyuh  
awiyadi ngimana wengi  
katampak ngampak-ampak  
anapek anaput  
aputek kapeteking tyas  
angreraras rarasing tingkah utami  
dadya ondhe upama.

3. Mring sagunging kang marsudeng budi  
nanging samangke ingkang carita  
tinula-tula kandhane  
nenggih arsa tinurun  
mring Jeng Pangran Kolonel nenggih  
Arya Purbanagara  
dene karsanipun  
ngleluri tingkah utama  
kang tinuduh Jayengrana nguni Kaptin  
Besar ing sangkalanya.

4. Nir Wiwara kang Pandhita Aji  
kang jinejer jejering ngakandha  
Narendra Surakartane  
wau ingkang Sinuhun  
Jeng Susuhunan Pakubwaneki  
Senapati Alaga  
Abdulrahman iku  
Sayidin Panatagama  
kaping sapta mangun garwa putri aji  
putranya Kangjeng Sultan.

5. Ing Madura wus dadya karsa ji,  
gya nimbali marang ingkang raka  
Jeng Pangran Dipatya karo  
Jeng Pangran Dipatiku  
Angabehi Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda  
Nepen jujukipun  
lan Pangran Riya Mataram  
mung rekyana patih wonten srimanganti  
nulya samya ngandikan.

6. Sapraprane ngarsanireng aji  
Srinarendra alon angandika •  
mring kang raka sakarone  
kakangmas marmanipun  
mila samya kula aturi  
prakawis ingkang serat  
sangking Madureku  
karsengsun sampun sembada  
kadiparan karsane kangmas kekalih  
sinten yogya lumampah.

7. Ing pamethuk dhateng Madureki  
mangsa borong kakangmas sumangga  
ingkang dados prayogane  
kang raka sasmita wus  
mring kang rayi Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda

alon aturipun  
kakangmas kula sumangga  
ing paduka miwah karsaning rintaji  
datan suwaleng karsa.

8. Kangjeng Pangran Dipati Ngabehi  
nulya matur marang srinarendra  
sumangga karsa sang Rajeng  
menggah kula sang Prabu  
sampun siyang pan tara latri  
inggih dhateng sandika  
tan suwaleng kayun  
rakanta dhimas dipatya  
aturipun tan prabeda kadidening  
inggih ing atur kula.

9. Punapadene dhimas dipatya  
kinarsaken dhateng ing Madura  
kula tan suwaleng ing reh  
sumanggeng karsa prabu  
Srinarendra emenging galih  
dangu tan angandika  
wau sang Aprabu  
pan amung nayaka-waktra  
tansah amrostawaken Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda.

10. Linirik-lirik saya katitik  
winawang-wawang saya katawang  
pinandeng saya ganclenge  
den inguk wus caluluk  
winitawis saya katawis  
winawas wus kawawas  
kukuse kumelun  
andupa amenyan kobar  
Srinarendra nulya angandika aris  
marang mantri-wasesa.

11. Kadiparan pikirmu kang yekti  
umatura sapa kang sayogya  
Sasradiningrat Ion ture

yen pareng karseng prabu  
inggih atur kawula gusti  
tanliyan rakanta Pangran  
Dipati puniku  
Ariya Kusumayuda  
sabab dene wus kathah denya nglampahi  
garap pakewuh paran.

12. Lintangipun rakanta kekalih  
nyuda-krama inggih bokmenawa  
amanggih sigug ing tembe  
ier manjing wakil prabu  
kalihdene sami nerpati  
sanadyan duk ing kuna  
patilasan wadyu  
jer mangke samya narendra  
boten kenging yen ta ginarapa gampil  
tan wande mangke nistha.

13. Bilih rakanta Pangran Dipati  
Angabehi kalamun lumampah  
inggih leres saleres  
nanging cotho ing pungkur  
boten wande sajroning puri  
kocar-kacir kapiran  
tan wonten kacakup  
Jeng Pangran Dipatya Arya  
Kusumayuda tan saged pikir klenik  
ing petang langkung tuna.

14. Nulya Pangran Arya Matawis  
atur sembah majeng denya lenggah  
umatur marang sang rajeng  
aduh gusti sang Prabu  
andhahara atur prayogi  
ature kyanapatya  
pamungkase atur  
sanadyan ngosak-asika  
sakeh pikir sayekti boten amanggih  
kadya atur punika.

15. Srinarendra mesem ngandika aris  
rembug iku lamun wus sembada  
pan ingsun wus tetepake  
nanging kakangmas durung  
durung duwe atur kang kawijil  
kang raka aturira  
inggih sang aprabu  
ature sang Mangkupraja  
menggah kula saklangkung dening umiring  
sang Nata angandika.

16. Lan malihe menggahing pawestri  
sinten prayogi kang lumampah  
kang raka dangu ature  
emeng sajroning kalbu  
nanging ana raosing galih  
ajrih yen umatura  
marang sang Aprabu  
ing wekasan tetarenan  
marang ingkang rayi Jeng Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda.

17. Miwah marang sang Anindya-mantri  
miwah Jeng Pangran Riya Mataram  
nanging tan ana bedane  
samyak grago ing kalbu  
ing wasana rekyana Patih  
umatur paliringan  
inggih sang Aprabu  
rakanta kekalihira  
tuwin ulun tan saged umatur inggih  
prakawis kang punika.

18. Gumantung ing karsa paduka ji  
Srinarendra waspadeng sasmita  
ngandika Ion sang Pamase  
wus bener turireku  
yen mangkana sira apatih  
kang dadi karsaningwang  
mung bokayu ratu

tumuntura mring kakangmas  
nanging yen wus prapta Nagri Madureki  
apa sakarsanira.

19. Nadyan karsa kondur andhingini,  
apa bareng ing sakarsanira  
jer wus prapta Madurane  
nistha madyaning laku  
utamane iya barengi  
wadyane jer wus prapta  
Nagri Madureku  
sarune yen datan prapta  
ingaranan yuda kramaning narpati 31  
mangkana mungguhingwang.

20. Dene Riya Mataram amanjing  
umiringa bokayu kewala  
kya Patih atur sembahe  
nuwun inggih sang Prabu  
amba datan saged mangsuli  
ing pangandika nata  
sakethi jumurung  
kang raka mangayu bagya  
ing tegese sampun sami nyuwaweni  
ing karsa Srinarendra

21. Lan maninge kangmas Adipati  
sun paringi kumentir Walanda  
Asisten Residhen bakale  
kumentir ing delanggun  
lamun datan nganggo kumentir  
angambah seje tanah  
akeh widhungipun  
sanadyan peteng ing tindak  
mung Asisten apantes tinari-nari  
Kyanapatih tur sembah.

22. Inggih leres timbalan nerpati  
nulya Kangjeng Pangran Adipatya  
Kusumayuda Ion ture  
yen pareng sang Aprabu

abdidalem inggih pun bibi  
ibu Cakrakusuma  
lawan malhipun  
lan abdi dalem pun paman  
Riya Cakraningrat bilih marengi  
kula suwun kabekta.

23. Umanjinga anjuru-basani  
Srinarendra kapanujon karsa  
kelangkung pareng sang rajeng  
nulya ngandika arum  
yen wus padha sembadeng kapti  
padha metuweng jaba  
memataha gupuh  
punggawa ingkang prayoga  
tur sandika wus mundur saking ngarsa ji  
sapraptanireng jaba.

24. Nulya matah punggawa kekalih  
Rahaden Riya Purwadiningrat  
wadaneng parak-tengena  
lan wadana jaba gung  
Raden Riya Sasranagari  
lelima kaliwonnya  
kalih jabanipun  
bumi Dyan Reksanagara  
gladhag Jaganagara Raden Ngabehi  
Haijadipura jronya.

25. Sumadipura gedhong kekalih  
kraton Dyan Bei Santadipura  
catur panewu mantrine  
panajung tan ingetung  
miwah para wadyaning dasih  
tan kena ingetunga  
gunge kang wadya gung  
kang samya tinuduh karya  
wus samekta sanengga karyaning aji  
sampun semayeng dina.

26. Pan atembak pasowan ing jawi  
ber balabar ngalabi kang marga  
gumolong gegolongane  
gumulung sengga alun  
abdidalem urdenas Walandi  
tan kena liru rowang  
ing pepanthanipun  
mung mantri panewu samya  
myang bupatia malebeng ing srimanganti  
sumiweng ing ngarsendra.

27. Miwah wadya pawestri kang sami  
tinuduhing karya wus samekta  
ing teratak pepak andher  
kang minangka pangayun  
Nyai Sedhahmirah Dipati  
kang sumosor ing lenggah  
kekalih tumenggung  
Tumenggung Secatunggara  
miwah Nyai Tumenggung Canama nenggih  
sosoran tan kaetang.

28. Jeng Ratu Pangran Riya Matawis  
wus sumiweng ngarseng Srinarendra  
paseban usrek swarane  
kasaru rawuhipun  
Kangjeng Gusti Pangran Dipati  
paseban lir kinocak  
gonjing kang wadya gung  
paseban saengga babrak  
sek supenuh pinarak neng srimanganti  
rep sirep rerep samya.

29. Praputra ri sadaya umiring  
nganan-ngering denira alenggah  
tan kena liru prenahe  
nulya sinaos gupuh  
kang nginum saking jro puri  
inuman warna-warna  
seman a cinatur

**datan patya abusana  
mung praputra kang samya rinakit-rakit  
bagus anom utama.**

### m. PUPUH SINOM

1. Ucapen kang para putra  
ing Kusumayudan sami  
tetiga umiring samya  
busana rinakit-rakit  
dhesthar nyamping sinawit  
samya parangrusakipun  
rasukan lan lancingan  
sengkelat cemeng mantesi  
panji-panji lancingan kinesper ing mas.
2. Paningset biru binara  
dhasar kresting adumeling  
abebara sekar sedhah  
gebyar-gebyar ngilat thathit  
kekalung karga sami  
rinenda gendhong mas murub  
kretep miwah wangkingan  
binusanan ing mas adi  
ting galebyar karya kuceming baskara.
3. Sembadane kang rinengga  
putra sepuh kang wewangi  
Dyan Mas Jayengtilam  
tan bagus namung mrakati  
ing tingkah mresajani  
sawetara besusipun  
nanging kapareng ladak  
terampil marang ing kardi  
anglir pendah atmajendra ing Alengka.

4. Dene sesundhulanira  
Dyan Mas Panji Wangsengsari  
abagus alus ing tingkah  
kaduk besus sawatawis  
sinawang anglir kadi  
nenggih bambang saking gunung  
widhunge merak manah  
satuhune dhasar sigit  
pan tes dadi kekembange ing paseban.

5. Dene putra kang pamungkas  
Den Mas Ngasam kang wewangi  
awarsa sapuluh warsa  
sasolahe ngrespateni  
beranyak tur asigid  
parigel sabarangipun  
lir Bambang Narayana  
kacek ireng lawan kuning  
dhasar bagus abisa gawe wiraga.

6. Tan antara srinarendra  
ingkang raka den timbali  
sapraptane palataran  
anulya den ancarani  
kang raka gipih-gipih  
nenggih sami ngungkret lambung  
pinarak paringgitan  
nulya salaman sang Aji  
angandika arum wijiling wacana.

7. Inggih kula kakangemas  
tan agadhah aweweling  
amungta lampah paduka  
tinebihna ing saliring  
pancabyaning margi  
Jeng Pangran dheku umatur  
pangandika narendra  
umanjinga jimatpripih  
tinebihna sing sakehing pancabaya.

8. Sawusnya ngunjuk sapisan  
Jeng Gusti gya pamit mijil  
pan umiringaken marang  
Jeng Ratu Pembayun nenggih  
bidhal saking jro puri  
usrek swarane wadya gung  
Jeng Ratu nitih kreta  
Jeng Gusti nitih turanggi  
praputra ri umiring angering-nganan.

9. Jam sewelas duking budhal  
Rebo Kliwon Sawal sasi  
kaping nem mangsa Kasapta  
nunggal warsa duk tinulis  
wuku Pahang amarengi  
pandangone nuju tulus  
Jimakir ing taunnya  
dene sangkalane nenggih  
Amiyarsa Obahe Sabda Narendra.

10. Jeng Gusti amampir marang  
ngloji sawusnya apanggih  
lan Residhen nulya budhal  
marang Beton lan kang rayi  
anitih palwa sami  
Jeng Ratu titihanipun  
palwa pamethuk bakal  
garwane Srinarapati  
palwa dhe-gus sinung aran Rajamala.

11. Kang palwa saengga wisma  
den elis den ukir-ukir  
ingecet sinung parada  
rerakite anglir loji  
sinekar sir-linungsir  
ing sutra bang kuning dhadhu  
mulane sinung aran  
Rajamala kang cecanthik  
ingukiran rineka ya Rajamala.

12. Rai abang irung nyenthang  
gedhene irung sacengkir  
sumping jamang pinarada  
jenggot ngremпойok sakedhik  
bregos rong kilan sisih  
nggembuleng salengen patut  
untu rangah satatah  
aputih tur ambalirit  
mata mlolo gedhene sabonang monggang.

13. Rambute dawa rong dhepa  
ingore tuhu ngajrihi  
wonten malih ingkang palwa  
kagunganira nerpati  
rakite mresajani  
kaduk semu bagusipun  
pepayon biru motha  
wuwung taritis linungsir  
sinekarang ing sutra bang miwah jenar.

18. Dhadhu wungu miwah pethak  
tuhu lamun milangeni  
jerambah winangun bata  
wiyare mung rolas kaki  
bangku kursi rinakit  
pinanjeran isenipun  
dhaharan juk-unjukan  
mepaki kang sarwa adi  
kamarira jamban kakus ing wurinya.

19. Punika titihanira  
Jeng Gusti Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda  
senapatine ing kardi  
palwa ingkang wewangi  
Pujadewa aranipun  
marmane ingaranan  
Pujadewa kang cecanthik  
pan pinindha jawata bagus taruna.

20. Pandhita ulah utama  
malading ulah semedi  
tan pegat ulah memuja  
binusanan parada di  
pinatut ing sesungging  
manggung nekung amangungkung  
wonten kang palwa  
tetiga sinami-sami  
canthik samya pinindha ing Nagaraja.

21. Asesumping ajejamang  
sinungging ing parada di  
melet-elet ilatira  
ting kalepyur upas mijil  
ingkang sawiji saking  
Jeng Pangran Prangwadaneku  
asisten kang anumpak  
Kaladuta kang wewangi  
kang satunggil Dyan Ayu Cakrakusuma.

22. Atunggil lan Radyan Riya  
Cakradiningrat nenggih  
kekalih jer ing arinya  
kang bibi srinarapati  
baita kang wewangi  
Nagasari namanipun  
kantun kalih baita  
pun Nagamangsa wewangi  
kang satunggal nenggih pun Nagasarana.

23. Punika cawisanira  
para putra Madureki  
kang umiring sang lir retna  
marang Surakarta Nagri  
palwa kang marang dasih  
Madura datan cinatur  
nanging sampun samekta  
ngalempak ing Beton sami  
sek supenuh kang palwa arebat papan.,

24. Lir dhawet sriwedning palwa  
tuhu tan kena winilis  
kathah wernane kang palwa  
bengkuk kolek sekeci  
tarib pan sampan sami  
ting sariwet ting calurut  
jejungkung cecongklangan  
kathah yen winarneng gendhing  
srinarendra semana lagya tumedhak.

25. Jam gangsal ing tedhakira  
neng Rajamala Nerpati  
dene prakadang myang putra  
anem-sepuh tan kari  
mangnya sang Narpati  
ing Rajamala supenuh  
sawusnya nginum samya  
ingkang badhe kesah nenggih  
asung kurmat pamuji lujenging paran.

26. Sawusnya ing pukul sanga  
sang Nata kondur ing puri  
dene praputra myang kadang  
ana dherek ana keru  
kathah warnane sami  
sigegen ingkang ngadha^un  
gantya kang kawuwusa  
kang kari ing palwa sami  
sareng enjing tengara mriyem budhalan.

27. Kang mariyem sinauran  
ing Carabalen amuni  
swarane umyung gumerah  
gamelan pating carengkling  
untabe palwa sami  
lir werdhu hangga dinulu  
gumolong gegolongan  
mawa tengeran kekitir  
umbul-umbul daludag miwah bandera.

28. Dene ingkang aneng ngarsa  
Jeng Gusti Pangran Dipati  
lan sawadyanira samya  
tan kena aliru silih  
kitir rinakit-rakit  
lan bandera umbul-umbul  
aselur lampahira  
dene kang sum ambung wuri  
Kangjeng Ratu Pambayun sawadyanira.

29. Tuan Asisten anulya  
lan sumambung wuri malih  
Dyan Riya Purwadiningrat  
saJancanira gya sami  
dene pamungkas wuri  
nenggih Raden Mas Tumenggung  
Sasranagara lawan  
sakancane jaba sami  
kawuwusa kang lumyakeng aneng ngarsa.

30. Jeng Gusti Pangran Dipatya  
gamelanira ngrerangin  
tan kendhat samarga-marga  
slendro-pelog ganti-ganti  
sembada kang nyindheni  
swara lamat-lamat arum  
tur lepas piniyarsa  
klebeting daludag adi  
amuwuhi asrine ingkang lumampah.

31. Lan samya sinung parentah  
yena bidhal-kendel sami  
tengara mariyem samya  
Carabalen kang nauri  
lawan samargi-margi  
ywa kendel gamelanipun  
miwah pernahing lampah  
aywana kang tumpang-tindhih  
nora kena ngerenana-dhisikana.

32. Ucapen tepining toya  
apepet atap apipit  
andulur wong kang neningal  
gedhe-cilik jalu-estri  
ana ngemban bebayi  
nyangking tenggok miwah wakul  
akathah yen winarna  
sakehing wong neningali  
jam sawelas ing desa Jati wus prapta.

33. Tan antara nulya ana  
angin ageng andhatengi  
lesus meses aliweran  
winulat amolak-malik  
kang wreksa papal-pipil  
kaprapal dening ing lesus  
ting grepek ting garopak  
swarane anggegirisi  
wreksa esol gumrebug dening prahara.

34. Ingkang wisma-wisma samya,  
kabur mumbul ing wiyati  
ambyar bubar ngambra-ambra  
kang kecer akocar-kacir  
ing kisma meratani  
saweneh wangsul amumbul  
gumleger ing ngawiyat  
gumaludhug gegeteri  
kasauran gunung Lawu Mrapi samya.

35. Gameng cemeng kulon-wetan  
lor-kidul amendhung sami  
tempuk temon ing ngawiyat  
gumludhug gumandhul sami  
kang dhedhet erawati  
swaranipun gumaludhug  
kang mendhung paripaksa  
tumiba ariwis-riwis  
nulya lurah pambelah tetiga prapta.

36. Ngabehi Gadamenggala  
bekta sorsoranya katri  
Ki Wangsadrana Ki Truna  
menggala lawan pak Ragil  
lungguhnya Demang sami  
pandhega catur mangayun  
Jeng Sustya wus tumingal  
titihan wus kendel aglis  
pandhega pat kinen minggah ing titihan.

37. Praptane ing enggonira  
tur sembah angasih-asih  
dhuh Gusti inggih dhahara  
aturipun ingkang dasih  
yen kapanujon Gusti  
ing karsa sanga linuhung  
sayogi alereba  
wonten dhusun Jati ngriki  
sawetara ing papan sampun prayoga.

38. Ananging mangsa samiya  
lan pun Carma inggih Gusti  
awit dene ing takernya  
lerebing palwa lumaris  
manawi saking nagri  
sedhengan ing lerepipun  
mudhik-milir saminya  
tebihe ing Jagaragi  
lir tinraju rebat seneng pethekira.

39. Adhuh Gusti mila-mila  
abdidalem kumawani  
umatur amrih lereba  
wong dhusun Jati Gusti  
sangking dene kang abdi  
tansakeco ing tyasipun  
dene abdi paduka  
tukang satang-satang sami  
keju cape kekes dening angin udan.

40. Di dalem jru-mudhi samya  
punika raosing kradi  
kalih dene watawisnya  
andina kang udan angin  
malah tutug salatri  
Jeng Gusti ngandika arum  
ya bener aturira  
Jeng Gusti anulya nuding  
kinen munya tengara mriem swaranya.

41. Gumaludhug nurut toya  
ngarsa-wuri amiyarsi  
inggar sagung ingkang wadya  
rebat papan amrih olih  
saweneh wus miranti  
wedang tike miwah sekul  
saweneh ana ingkang  
wus mendem panyeretneki  
dhingkluk ngantuk kagyad swaraning tengara.

42. Jlagra mumbul aneng telak  
kaselak watuk anggigil  
jer brabak ing netranira  
megap-megap arsa ancling  
napase tumpang titih  
erak-erak swaranipun  
nebut astapirolah  
apa ana mungsuh prapti  
miwah baya bebaya amalang marga.

43. Kang tinanya saurira  
boten wonten kedhah-kedhih  
tengara mriyem kang munya  
kendel lerep Jati mriki  
anggyu kang sinung ling  
nenggih sarwi manthuk-manthuk  
katenta aku baya  
duk dherek nglurug Jeng Gusti  
mring Banyumas siyang-latri bebedhilan

44. Kang sinung wikan Ion mojar  
tan maiben kula inggih  
lan malih kula atanya  
dospundi lampah puniki  
udan lesus geng prapti  
nenggih ing wahananipun  
kang tinanya saurnya  
wus adate Kangjeng Gusti  
yen nglakoni ayahaning srinarendra.

45. Gara-gara ingkang prapta  
jer Jeng Gusti duk ing nguni  
kinudang ginadhang-gadhang  
mring kang rama Sunan Sigid  
marma sinung kekasih  
iya Jengg Gusti puniku  
Pangran Kusumayuda  
ing jaman retu pinasthi  
kang minangka pepalang palu panulak.

46. Panulak sagung memala  
memalane ingkang Nagri  
Surakarta Adiningrat  
marmane duk ing nguni  
tinuduh sribupati  
amunah ing satru mungsuh  
akeh para kusuma  
anyandhang kuciwa sami  
mung Jeng Gusti awutuh kusumanira.

47. Anjomblong kang sinung wikan  
anggereng denya ngegongi  
manthuk-manthuk sarwi ngucap  
yen makaten inggih kyai  
gara-gara kang prapti  
Sunan Lawu Nyai Kidul  
pan samya angsung kurmat  
lelembut angiring sami  
ing praptane samya bekta gara-gara.

48. Kang sinung ling saurira  
yan-yanane iku yekti  
agantya ingkang kocapa  
semana anggagat enjing  
tengara mriyem muni  
gamelan ramya ting jlegur  
Jeng Gusti tledhekira  
angelik alantik-lantik  
pra pambelah angiyak asukak-sukak.

49. Sadalu ing lerebira  
jam nem enjang budhal tapis  
datan winarna ing marga  
tanah Jagaraga prapti  
ing Trangil sungil curi  
bantaran banter andarung  
amigug notog parang  
sela gung-agung ngadhepi  
sarta kathah bebaya sajroning toya.

50. Pukul pitu sonten prapta  
pan ing Jagaraga sami  
Dyanpati Mangkudiningrat  
agung pikurmate nenggih  
mentah mateng anggili  
kayu suruh datan kantun  
sigegen kang lumampah  
gantya kang kocapa malih  
ingkang lagya kasmaran dening pawarta.

#### IV. PUPUH ASMARADANA.

1. Gantya kawuwusa malih  
Kangjeng Sultan ing Madura  
Cakradiningrat juluke  
adarbe putra wanodya  
dhasar ayu utama  
kaloka jagad pinunjul  
trusing budi anglir retina.
2. Mangke sampun dewaseki  
kathah pramancapraja  
kang samya bun-ebun sore  
kang rama ibu sih marma  
manggung nari kang putra  
sang retina asru tan ayun  
yen pineksa tusuk jiwa.
3. Mengo marang palakrama  
mung tansah branta ing suksma  
lali dhahar lawan sare  
manungku limang wektunya  
tan pegat salat kajad  
nanging mangke sang retnayu  
ing karsa sampun sembada.
4. Pan badhe pinundhut maring  
Srinarendra Surakarta  
Adiningrat ing wiyose  
kinarya gawa pangarsa  
kinudang ginadhang  
adarbea putra jalu  
ing tembe madek narendra.

5. Malah ing samangke inggih  
sampun pinapak ing palwa  
nanging kendel ing margane  
kasabet ing toya bena  
neng kitha Jagaraga  
dene kang dadya pangayun  
satriyane srinarendra.

6. Nanging satriya pangarsi  
jer manjing wakil sang nata  
dene ta ing jejuluke  
Jeng Pangran Adipatya  
Arya Kusumayuda  
ing pratingkah wus pinutus  
marmanira pinarcaya.

7. Duk semana sang suputri  
tyasira ariga-riga  
jer wus lawas ing pangantos  
nora nana kang pawarta  
tanpa dhahar nendra  
amanggung sare amujung  
aneng kamar emar-emar.

8. Nulya leledhang sang putri  
akekenjer alelejar  
marang taman sang lir sinom  
neng ngisoring Nagapuspa  
katrenyuh mring kang rama  
Jeng Sultan kagyad andulu  
dene putra anglong jiwa.

9. Nanging wus karaseng galih  
datan mawi angandika  
nulya malbeng dalem age  
sang lir retna kari gana  
nimbali embanira  
sapraptanira ing ngayun  
sang Retna alon ngandika.

10. Emban den kapareng ngarsi  
aku tanya marang sira  
ing jaba apa wartane  
mban Sumbita aturira  
kala tanggal ping sapta  
dinten malem Kemisipun  
naga ngambang ing lautan.

11. Agenge angleliwati  
kang sarta mawa kumala  
saya minggir ing parane  
kathah kang samya uninga  
kang naga nulya musna  
mung punika sang retna yu  
tan wonten malih pawarta.

12. Sang Retna ngandika malih  
kadiparan iku emban  
iya apa ngalamate  
apa wus adate emban  
sok ana naga ngambang  
anggawa kumala murub  
bokmban aris aturira.

13. Ing sasepuh kula Gusti  
pan dereng nate uninga  
naga gawa kumalane  
inggih kadi kang pawarta  
miwah ing kuna-kuna  
kawula dereng angrungu  
sang Retna nggraiteng nala.

14. Kang mindha Ratih sih ngudi  
eh biyang mara tutura  
yen ana pawarta maneh  
liyane kang naga ngambang  
mban Sumbita turira  
datan wonten sang Retna yu  
liyane naga kumala.

15. Mung kala ing dinten Kemis  
ing malem Jumungahira  
kaping wolu ing tanggale  
ing wulan Sawal punika  
samusnane kang naga  
sareng wanci bedhug telu  
cumlorot lir daru tiba.

16. Wonten sajeroning puri  
kidul-kilen pinangkanya  
sakelapa kan tabone  
sang lir Ratih angandika  
heh emban apa nyata  
ing pawarta kang kadyeku  
nyai mban atur supata.

17. Dhasar lengus kaduk wani  
Sumbita lawan sang Retna  
mesem ing tyas sang lir sinom  
ananging saya kagagas  
rinasa saya krasa  
linuntur tan bisa luntur  
binuwang saya katawang.

18. Nganggo supata sireki  
heh biyang aku tetanya  
marang sira sayektine  
aywa kaduk bela tanpa  
nora yen maidoa  
lah tutura kang satuhu  
sasmita ingkang mangkana.

19. Nyai mban umatur aris  
yen menggah kang ahli rasa  
sasmita ingkang mangkana  
winastan iku nugraha  
inggih kang kadhawahan  
kang sayekti badhe antuk  
pituduh ingkang sampurna.

20. Dene kang ahli nagari  
sinten ingkang kadhawahan  
badhe angsal drajad gedhe  
makaten pamanggihingwang  
ewadene ing karsa  
pan sumangga sang Retna yu  
iya bener aturira.

21. Heh biyang banjurna maning  
aywa sira taha-taha  
tutura kang sayektine  
ingemper-empere sapa  
biyang kang nampanana  
nugraha kang luwih agung  
age mara ta tutura.

22. Nyai emban matur aris  
yen menggah pamanggih kula  
tan liyan paduka angger  
ing pawarta duk ing kuna  
nggih badhe kalampahan  
kagarwa marang sang Prabu  
narendra gung Surakarta.

23. Lawan malhipun Gusti  
ing tembe paduka angsal  
pituduh ingkang sayektos  
kasampurnaning ngagesang  
jer Ratu Surakarta  
sidik paningale terus  
trusing budi mrik angambar.

24. Dene kaol wau Gusti  
kekalih sami leresnya  
sami majeng sejatine  
dene naga kang angambang  
inggih aneng lautan  
punika kang bekta wahyu  
pengawake ing utusan.

25. Kados benjing inggih Gusti  
wong agung ingkang dinuta  
satriya gung bot sanggane  
katitik dening sasmita  
samyak karya utama  
sang lir retna Ion ngandika.

26. Yen mangkana biyang mami  
yen kelakon iya benjang  
sun nadari biyang kowe  
saanak-putumu samya  
biyung padha miluwa  
mukti sawatara besuk  
sigegen ingkang kocapa.

27. Gantya kang kawuwus malih  
ingkang rama sang lir retna  
kalawan prameswarine  
kang lagya meng-kaemengan  
de putra anglong jiwa  
Jeng Sultan utusan gupuh  
nini Galuh timbalana.

28. Ing sapraptanireng ngarsi  
aneng pernah pasamunan  
kang rama ngandika alon  
marmane ta angger sira  
sun undang pasamunan  
de kang dadya tyasireku  
dene banget anglong jiwa.

29. Yen duwea tyas kuwatir  
prakara mg rakanira  
jer wus pasthi sayektine  
yen mungguh jalukanira  
pan kabeh wus samekta  
mas retna kang adiluhung  
saanane ing Madura.

30. Sanadyan nganggoa sangking  
wanodya bakal akrama  
nanging sawatara bae  
ywa kongsi gagra-kusika,  
kang putra nuli medal  
asendhu ing unduripun  
gantya amangsuli kandha.

31. Kang kandheg aneng ing margi  
katamaning toya bena  
samywa wagugen karsane  
duk semana kerepotan  
neng palwa Pujadewa  
samywa pepakan sadarum  
satata ing kursi samya.

32. Jeng Gusti Pangran Dipati  
lan Pangran Riya Mataram  
kalawan tuwan Asisten  
Dyan Riya Purwadiningrat  
miwah Raden Mas Riya  
Sasranagara tan kantun  
lan Dipati Jagaraga.

33. Dene ingkang dadya pikir  
prakara gedhening toya  
tuwan Asisten karepe  
lan Pangran Arya Mataram  
linajengaken ing lampah  
tan keguh dening pakewuh  
mung ngesthi rikating lampah.

34. Lan malih ingkang kaesthi  
mung temen-temening karsa  
lamun dinuta sang rajeng  
datan wruh ing pringgabaya  
nadyan silih anaa  
sesikune ing Hyang Agung  
wong cilik apan mung darma.

35. Srinarendra kang darbeni  
wong cilik darma anyandhang  
baya uwis ing benere  
kapindho swarga-naraka  
sapa ingkang weruha  
wus pinasthi makpul  
kapriye denya suminggah.

36. Alengger sadaya sami  
tan ana kang ngundhanana  
dadya ngelun wusanane  
nging samya ewet tyasira  
dene Pangran Dipatya  
kumambang kanthahing kayun  
sarwi angawir ing karsa.

37. Ing pangandikanya aris  
wus bener ujarmu dhimas  
datan ana ing lupute  
nanging nganggo pangkat-pangkat  
ya misih kaliwatan  
yen jejere wong ingutus  
tan liya toh nyawa badan.

38. Nanging ing samengko yayi  
durung mangsa mangkonoa  
yen ngumbara ing anggepe  
jer dinane maksih longgar  
den uwis rupakanya  
payo padha metu rembug  
angumbar wetuning klalar.

39. Yen samengko den lakoni  
lamun kongsi kacewetan  
wong pepeka ing tegese  
ngandelken putra narendra  
lawan gada menggala  
iku wong simpen tekabur  
tan kena den anggo kathah.

40. Lawan kapindhone yayi  
ing jenenge senapatya  
pan kudu rineksa kabeh  
tan kena badan priyangga  
lamun kang den pikira  
yen ana siji wadyagung  
ana ingkang kacewetan.

41. Iku yayi senapati  
iya ingkang kekurangan  
dene yayi ping telune  
yen mungguh karsa narendra  
kang kinawasaken ingwang  
tan liya rumeksa iku  
iya marang kaslametan.

42. Ewa ing samana yayi  
lawan ta kanca bupatiya  
kalawan tuwan Asisten  
yen wis padha kencengira  
lumaksana samangkya  
sayekti aku manut  
kang rayi nglokro karsanya.

43. Dene kang para bupati  
sadaya samya sumringah  
lir manggih obor petenge  
kasatan amanggih toya  
asrepe ing tyasira  
sigegen kang sampun putus  
bibar samya masanggrahan.

44. Aneng palwanira sami  
semana Pangran Dipatya  
Kusumayuda karsane  
anuduh sawiji wadya  
kang sugih ambeg guna  
kinen karya sukanipun  
yen dalu kang wadya-wadya.

45. Damar lilin kang kinardi  
tiningkah tinrekah-trekah  
tumancep kadebog kabeh  
kang kedawan kinethokan  
pinindha-pindhanira  
kemamang abyor dinulu  
sineleh tengahing toya.

46. Lumakyeng kentir ing warih  
damar tan ana kang pejah  
akagyad kang samya tumon  
alon-alon lamun ana  
iya kemamang liwat  
teka sore ing lokipun  
amrih kapiyarseng kathah.

47. Samya ngadeg kang miyarsi  
dengongok angungak-ungak  
nulya alok-alok rame  
mangkana ing alokira  
ya nyata ya nyata  
ya ika kemamang tuhu  
mengkorog gegithokingwang.

48. Ing sajege aku urip  
durung wruh marang kemamang  
iya amung lagi kiye  
baya perak wismanira  
beda lan Surakarta  
yekti adoh ing wana gung  
ing kene jathok kewala.

49. Saweneh ana kang angling  
kemamang sira bagea  
bisa ngambah banyu kowe  
tan teles ingsun wetara  
aneng nginggiling toya  
saya perak sira bagus  
tan wedi ing jalma kathah.

50. Nulya ana kang nauri  
basakana sira bocah  
ujare teka anyengk leng  
luwih wani kang kemamang  
jer ika oleh prentah  
iya marang lurahipun  
linadekaken ngaradan.

51. Andherek ing Kangjeng Gusti  
tunggale udan prahara  
duk aneng ing Jati kae  
Sunan Lawu prentahira  
lan Nyai Kidul miwah  
saguning pra lembut  
kinen dherek mring Madura.

52. Kang sinung ling anauri  
namung gereng saurira  
sarwi manthuk-manthuk bae  
nulya malih katingalan  
pindha kinantha-kantha  
sawer naga sirahipun  
sadhepa ing adegira.

53. Cangkem ngablak anglir kadi  
anaut arsa memangsa  
nolih ngilirik pandulune  
salesung ing agengira  
dawa sapuluh dhepa  
kadebog sinambung-sambung  
tinenger sadhepa-dhepa.

54. Tiningkah mrih tingkah bangkit-  
ake kang sawer naga  
kinarya mlaku bisane  
lir palengkung lir curiga  
nenggih kang dhapur crita  
ting galebyar sisikipun  
damar lilin kang kinarya.

55. Sineleh tengah benawi  
kentire nunggil lar-alar  
samy kagyad sami alok  
mangkana ing alokira  
kemamang gawa rowang  
lir sawer naga dinulu  
mokal temen yen sawera.

56. Yen mangkana sun arani  
kemamang kang wus aliwat  
dudu kemamang yektine  
bangkite ingkang akarya  
bisane karya suka  
rowange alok sumaur  
iya bener ujarira.

57. Wonten malih kang kaeksi  
pinindha pinetha-petha  
peksi merak ing kandhane  
kirap lar suwiwinira  
sadhepa bapangira  
buntut lancur megar patut  
sirah kuncung ngadek jenthar.

58. Mlaku kentir dening warih  
hr kadi kuntul ngelayang  
kapareng lemper toyane  
sinawang pan datan obah  
eram sagung tumingal  
bangkite kang karya gumun  
kang pindha lir darbe nyawa.

59. Nulya wonten malih keksi  
pinetha pinindha-pindha  
turangga bagus warnane  
awake dawa sembada  
amembat gigirira  
pada wadana winangun  
anglir gambar wewangunan.

60. Sinungan ingkang nungangi  
pinetha-petha wong-wongan  
malangerik tangan karo  
nenggih sarwi kinuciran  
kucir dawa ngelancar  
sineleh ing toya sampun  
pinarnah neng bebantara.

61. Kentir kentar dening warih  
lakune turangga pindha  
kotal kombul bebokonge  
lir kirig ingkang turangga  
nenggih aneng bantaran  
suka alon kang andulu  
rebut sora ing lokira.

62. Saweneh ana kang angling  
gawok temen aku hiya  
bangkrite ingkang agawe  
dene damar lilin bisa  
rupa kadya turangga  
anyirig aneng ing banyu  
rupa Cina kang anunggang.

63. Sagunge ingkang ningali  
suka suka tan sinekak  
sarwi guyu-guyu rame  
kang toya saya gung prapta  
anyundhul pawiwitan  
kang pindha Cina dhas jabut  
kasangsang ana ing epang.

64. Apothol thel kocar-kacir,  
kucire kecer balesar  
kalumah kari gembunge  
sinurak dening akathah  
surake bata-rebah  
kang gembung munya jumeplug  
nulya mrecon barondongan.

65. Ana mumbul ing wiyati  
ana kang salulup toya  
ting baledhug suwarane  
ana marang dharatan  
agundam kang pinaran  
nanging suka-suka dulu  
gumuyu alatah-latah.

66. Sarwi sru denira angling  
aku sukak- aku sukak  
bebedku mau akobong  
mung siji jarit utangan  
sibiyang kang cinancang  
samengkwarep dadi awu  
jer aku asukak-sukak.

67. Sigegen kang langen latri  
akarya sukaning wadya  
datan pegat salamine  
nenggih wonten Jagaraga  
nanging sabubarira  
Jeng Gusti anekung  
amegat gunge kang toya.

## V. PUPUH MEGATRUH.

1. Nulya wonten toya ing saerodipun  
nanging maksih sapanyangking  
lurah pambelah agupuh  
sekawan sareng mangarsi  
tur sembah umatur alon.
2. Abdidalem tur uninga sang linuhung  
ing samangke ingkang warih  
nenggih wonten sudanipun  
yen pareng ing karsa Gusti  
pun Nagamangsa kemawon.
3. Cinobaken ing lampah sakecanipun  
kados dene macalangi  
yen sakeca lampahipun  
sayogi bidhala aglis  
yen dereng lereh kemawon.
4. Wus marengi Jeng Gusti aturing wadya  
bener karepmu Ngabehi  
Gadamenggala den gupuh  
angkatna Nagamangseki  
kang kinen lumengser gupoh.
5. Kang baita Nagamangsa mangkat gupuh  
sinung kapala satunggil  
ing pakewuh kang pinutus  
ing tukang anulya prapti  
ingembat luwih pakewuh.
6. Dadya kendel Nagamangsa lampahipun  
kapala wangsulan aglis

medal dharat wangsulipun  
lampahira gipih-gipih  
tur uninga lamun ewoh.

7. Kang Pandhe pat ajengira gupuh-gupuh  
tur uninga mring Jeng Gusti  
ing lampah maksih pakewuh  
Gadamanggala Ngabei  
wetarengsun sesuk erob.

8. Mirantiya yen bisa budhale sesuk  
sandika ature sami  
mung Gadamenggala mit mundur  
ngirid kancanira sami  
Jeng Gusti tansah kaleson.

9. De toya gung bantaran banter andarung  
pinarak kacaring ratri  
neng tambir pitekur nekung  
madhep pangidheping Widhi  
kang toya anulya erob.

10. Samya kagyad sagung wadya ing rodipun  
daluh taksih sapanyangking  
ing samengko bangun esuk  
sedhengan kinarya milih  
sagung wadya wus mirantos.

11. Jam nem wusnya tengara mriyem gumludhug  
Carabalen anauri  
suwarane ting jarenggung  
ting carengkung ting carengking  
punika atandha bodhol.

12. Pan cinatur pitung dina rerebipun  
tan owah rakite sami  
tan kena awowor sambu  
gumolong golongan sami  
datan kena wor-winawor.

13. Duk semana wus prapta pinggiring kedhung  
bantaran banter amintir  
anempuh parang kumepruk  
tur sungil rumpil awerit  
papan sigug tur asegeg.

14. Satengahe sogogan pulo ngandhukur  
parang malang angalangi  
sakehe prau lumaku  
atap kang drubikseng warih  
samy a dhedhe aneng kono.

15. Nulya prapta ing Ngawi sadayanipun  
Dipati Kertanagari  
lawan ing sarabenipun  
methuk neng babaganeki  
wong roro samya anjathok.

16. Kangjeng Gusti lan kang rayi Kangjeng Ratu  
nenggih samya den aturi  
pinarak ing kantor gupuh  
lawan nayaka kekalih  
sadaya wus samya lunggoh.

17. Ing sawusnya sadaya sami angunjuk  
wedang lawan kang branduwin  
nulyeng wangsul palwa gupuh  
semana ngawi Dipati  
Kertanagara agupoh.

18. Anyaosi pakurmatan asesuguh  
panganan awarni-warni  
nulya sowan mring parau  
nenggih marang Kangjeng Gusti  
sembahe acedhak-cedhok.

19. Datanliyan rinasanan nenggih amung  
ing kagungandalem sami  
gamelan ing rarasipun  
bisane amethet ati  
memutung jantung pinethot.

**20. Jer sawengi tan kendhat panabuhipun  
wus bedhug Dyan Pati Ngawi  
anulya pamitan mundur  
ucapen kang lereb sami  
sareng enjing samya bodhol.**

**21. Nulay prapta semana ing Wedhilembut  
munyuk lutung lir ngurmati  
aneng ing pang ting gerandhul  
lawan bangkokane sami  
neng paragrak ting palangkrong.**

22. Inguncalan wowohan kelawan sekul  
rebutan denya nampani  
ting celirik swaranipun  
tan prabeda lawan jalmi  
ana napuk dhupak dhosok.

23. Nulya prapta ing Biren wewates dhusun  
Ngawi lan Bojanagari  
semana dhistrik amethuk  
kelangkung sukaning ati  
jer wus lawas denya ngantos.

24. Lajeng tumut amilir ing lampahipun  
wurining titihan Gusti  
nanging winitareng patut  
tan aperak tan atebih  
Jeng Gusti ngandika alon.

25. Kinen dangu baita kang aneng pungkur  
kang kinen anulya angling  
ing kang tinanya umatur  
Kramadiwiryana Ngabehi  
ing Padhangana kang palunggoh.

26. Inggih dhestrik nomer nem kawula methuk  
nenggih marang Kangjeng Gusti  
alami angayun-ayun  
sampun kalihwelasi latri  
gen kula angantos-antos.

27. Mrih rumeksa ing Gusti wonten delangung  
nulya pinaringan aglis  
rokok kelawan anginum  
ature tan nate Gusti  
mung sida pinaring rokok.
28. Tan antara ing dhusun Teleng arawuh  
bawah ing Balora nenggih  
awanci setengah pitu  
arereb nenggih saratri  
pukul gangsal enjang bodhol.
29. Ganti-ganti dhestrik kang ngreksa delangung  
ing tanpa serene sami  
neng watesing bawahipun  
parentah mangkana sami  
wonten dhestrik kang sumaos.
30. Mas Ngabehi Resapura namanipun  
ing Tinawun kang palinggih  
pinerak baitanipun  
bebisik dasih neng wuri  
adhemit tan kena mrojol.
31. Atur kurmat jeruk-gulung toya setrup  
pambelah kang den kurmati  
lawan pun Lamat puniku  
kinen ambage tumuli  
kelangkung ajrih kang kinon.
32. Nulya katur Jeng Gusti ngandika arum  
kinen amaringna aghs  
pambelah ing ngarsa-pungkur  
lawan langgen tledhek nenggih  
dhestrik tinimbangan gupoh.
33. Saprapane ing ngarsa pinaring nginum  
wedang rokok apadene  
semana anulya rawuh  
wonten ing Bojanagari  
gamelan umyung gumuroh.

34. Adipati Jayanagara agupuh  
amethuk aneng ing margi  
Jeng Gusti lan kang rayiku  
Pangeran Riya Matawis  
ing kantor pan sampun rawoh.
35. Wusnya inginum nulya budhal sadarum  
jam siji budhale sami  
tan winarna ing delangung  
ing dhusun Perabon prapti  
satengah pitu duk rawoh.
36. Nulya bibar parentah sume'oar mawut  
tan kena lereba sami  
alaju ing lampah dalu  
jer tan ana kang rumumpil  
lawan kang asegeg-segeg.
37. Apadene bebantaran banter iku  
nanging semana duk lagi  
toyanya aprapta agung  
angalebi desa sami  
tanpa tepi ducing tinon.
38. Lampahira baita ambyur sumawur  
dedamar pating parelik  
angendonang duk dinulu  
ingkang ngrompol-ngrompol sami  
lir lintang abyor sumorot.
39. Seprandene baita tumbuk-tinumbuk  
swarane pating jalerit  
baita lampahing darung  
kentir bantaran banteri  
darung tan kena pinogog.
40. Duk semana ing wanci setengah dalu  
dhusun ing Pandhean prapti  
ing Sedayu tanahipun  
gantya catur anyelani  
kang sanget angantos-antos.

41. Nenggih Raden Adipati ing Sedayu  
Suradiningrat wewangi  
alami angayun-ayun  
amethuk ing Kangjeng Gusti  
aneng pasanggrahan kono.
42. Nenggih sampun pitung dina pitung dalu  
maesa sakawan abis  
jer pawarta wantu-wantu  
nanging tan ana kang yekti  
ing samengko nulya katon.
43. Satengahing toya pan abyor sumawur  
soroting damar amilir  
Dipati grahiteng kalbu  
nulya anumpak sekoci  
pamethuke gupoh-gupoh.
44. Nulya panggih Kangjeng Gusti malihipun  
Pangeran Riya Matawis  
tuwan Asisten puniku  
nanging datan arsa mampir  
aneng pasanggrahan kono.
45. Dadya amung pepanggihan neng perahu  
Kyai Rajamala sami  
adangu dennyu pepangguh  
nulya abubaran sami  
mring palwanira amanggon.
46. Byar prapta ring Adibaya lampahipun  
ing Badhanten nulya prapti  
pukul kalihwelasi pun  
puniku tanah ing Gresik  
pamungkase desa kono.
47. Nora nana desa ing sangisoripun  
winatara lajeng latri  
mung saejam tebihipun  
ing kono lereb salatri  
durmane kang palwa monggog.

## VI. PUPUH DURMA.

1. Duk semana anyelani ingkang kandha  
gantya winuwus malih  
Nyai Adipatya  
Sedhahmirah semana  
tur uninga marang Gusti  
yen kancanira  
tiga kalebu warih.

2. Nyai Jehat Wilaja lan Nyai Jita  
Jeng Gusti kagyad myarsi  
asru angandika  
kadiparan ing marga  
dene kongsi kalbeng warih  
age tutura  
den galur den patitis.

3. Kang dinangu sigra umatur anembah  
duk wonten dhusun Gusti  
ing Sikul namanya  
wanci bangun rahina  
pambelahe ngantuk sami  
datan uninga  
wonten sidhatan warih.

4. Kang baita sinerot sidhatan toya  
malang tinumbuk wuri  
bukti numbuk samya  
malang uleng-ulengan  
anulya tinumbuk malih  
dadya keremnya  
bok Nyai ting jalerit.

5. Jerat-jerit sesambat amelas arsa  
kinaniaya mami  
marang wong pambelah  
tan suka tan narima  
sapa tetulunga mami  
disamber gelap  
polone kocar-kacir.

6. Si dikepruk pijer ngantuk pepicekan  
tan wruh sinerot warih  
bilayen oraa  
ya den gumatenana  
tike peparinging Gusti  
segatan kurang  
iwak dak panci-panci.

7. Seprahdene aladak sira pambelah  
lir jendral angejawi  
wong kinarya suka  
cinebur aneng toya  
si dipenthang aneng margi  
kowe pambelah  
gumagusmu kepati.

8. Apa iya nora wedi Gusteningwang  
Jeng Gusti Pangrandipati  
tan wurung mengkota  
takwadulaken padha  
iya marang Gusti mami  
saiki iya  
Jeng Gusti aneng ngendi.

9. Ki pambelah sumaur yen aneng ngarsa  
duk semana bok Nyai  
lir grantang sambatnya  
gujengan katir palwa  
marucut kableging warih  
tan bisa sambat  
pambelah nyandhak aglis.

10. Wus linanting sineleh aneng galengan  
napase ngangsur sami  
dangu tana ngucap  
tansah amegap-megap  
barangira sirna enting  
binadhog ing toya  
boknyai brebes mili.

11. Senggrak-senggruk tan pegat ngusapi waspa  
dangu tan bisa angling  
nulya kang baita  
sampun tinulung kathah  
anulya inangge malih  
boknyai samya  
tan pegat brebes mili.

12. Kangjeng Gusti miyarsa aturing wadya  
mesem ngandika aris  
sokur iya padha  
salamet sadayanya  
dene ta amale sami  
kang padha ilang  
tan dadi pikir mami.

13. Nulya samya nyai tetiga ginanjar  
busana arta sami  
gantya kang kocapa  
Asisten Garesiknya  
miyarsa Jeng Gusti prapti  
desa Sembayat  
adandan arsa panggih.

14. Sarta karya parentah mundhut baita  
jungkung seket anenggih  
kinarya nun tuna  
baita Surakarta  
wus samekta mangkata glis  
Sembayat prapta  
Asisten'wus apanggih.

15. Lan Asisten Demenik ing Surakarta  
dene kang dadi pikir  
prakara praptanya  
Pangeran Adipatya  
ywa kongsi lerep Garesik  
sawadyanira  
dene kang kaping kalih.

16. Saprapane lah iya aneng samodra  
nyabrang mring Madureki  
padha anungganga  
palwa jungkung kang nuntuni  
samengko ana  
seket aku wis cawis.

17. Anuntuna praptane aneng samodra  
dene yen uwis prapti  
aneng ing samodra  
sawidak wuwuhira  
mangkono ing karep mami  
Asisten Sura  
karta minggu tan angling.

18. De sulaya rembuge duk aneng marga  
Jeng Pangran Adipati  
pan arsa lereba  
ing salatri kewala  
aneng ing kitha Garesik  
karana aywa  
rekasa prapta nagri.

19. Ing Madura mangkono kang dadi rembag  
kapindho dene sami  
kinen anganggoa  
yen ana ing samodra  
ing palwanira pribadi  
lah kadiparan  
iya Pangran Dipati.

20. Iba-iba petenge ing galihira  
ana pikir kadyeki

nulya alon ngucap  
iku aku tan bisa  
mangsuli karepireki  
kajaba Pangran  
Dipati den aturi.

21. Nulya kinen ngaturi Pangran Dipatya  
tan antara wus prapti  
lawan ari Jeng Pang-  
ran Riya Mataram  
punggawa kalih kang kari  
Rahaden Riya  
Purwadingrat tuwin.

22. Raden Riya Sasranagara wus prapta  
Asisten nulya angling  
mring Kangjeng Pangeran  
asung mangertenira  
karepe Asisten Gresik  
putus sadaya  
Jeng Gusti duk miyarsi.

23. Kagyad kadya sinalomot ing dahana  
pasuryane andik  
jaja bang mawinga-winga  
kumukus akumantar  
asesulak ngilat thathit  
abang liweran  
angobor obar-abir.

24. Akumitir sarira geter sadaya  
tan kadya napak siti  
gigit-gigit waja  
kejut lathi kalihnya  
amingkis imba kekalih  
muntir gumbala  
lir pendah Bima-kunthing.

25. Duk ing Bratayuda mapak yudanira  
Burisrawa sinekti  
semana Jeng Pangran

Arya Kusumayuda  
ngepel asta muntir rawis  
kekes kang miyat  
manahnya ketir-ketir.

26. Dangu datan ngandika Pangran Dipatya  
yata punggawa kalih  
awas denya mawas  
kang tyas langkung was-uwas  
kumitir aketir-ketir  
aketer ing tyas  
ing pikir sru kuwatir.

27. Samya ngrasa tan bisa masalahana  
dadya alengger sami  
Pangeran Arya  
Mataram lir ingobar  
tan bisa ngeneb galih  
matur kang raka  
mawinga-winga wengis.

28. Lah kakangmas kadiparan ingkang karsa  
kula tan saged myarsi  
angur anedhaa  
pasewan panglereban  
lawan tambangane nenggih  
nyabrang samodra  
sayekti angileni.

29. Nadyan sewu rongewu sapuluh leksa  
sayekti anyagahi  
yen tan makatena  
sayekti salah tampa  
Jeng Gusti saya andadi  
jaja ngujwala  
ngengonang anelahi.

30. Tuwan Sisten Garesik awas tan uwas  
kalamun Kangjeng Gusti  
sanget denny duka  
jaja bang maltuk sunar

ngrerepa angasih-asih  
inggih paduka  
sampun kalintu tampi.

31. Tuwan Pangran temen-temen atur kula  
sayekti kula ajrih  
yen tan rumeksa  
inggih lampah paduka  
lestari aneng margi  
inggih paduka  
sasat srinarapati.

32. Ing Surakarta tumedhak mring Madura  
semana Kangjeng Gusti  
rinimpil rinampal  
pinepes rinampasan  
ingelus atur memanis  
pepanasing tyas  
tatas arontang-ranting.

33. Sirna enting suraning tyas wus kalepas  
siji tan ana kari  
winawas kawawas  
tan ana tyas was-uwas  
wus dadya ingkang pinikir  
anulya bubar  
pakuwon palwa sami.

34. Duk semana salatri ing lerebira  
satengah gangsal enjing  
tengran mriyem munya  
gamelan asauran  
palwa jungkung wus rinakit  
panuntun ngarsa  
pinatut-patut sami.

35. Kang agedhe kinathahan panuntunnya  
sampun samekta sami  
nulya samya budhal  
palwa amerdhuhangga  
swaraning wong ting jalerit

**aliru papan  
barung gamelan muni.**

**36. Tan winarna semana aneng ing marga  
prapteng sungap jeladri  
ing Mireng arannya  
samyu uyeng-uyengan  
pan tinaman jungkung sami  
lamun tan angsal  
watir timbul jeladri.**

## VII. PUPUH MASKUMAMBANG.

1. Samya kendel ngantyani jungkung kang prapti  
sagung wadya samya  
tan kuwasa aningali  
marang wiyaring samodra.
2. Akuwatir kumitir aketir-ketir  
tineteg tan tatag  
tinata-tata tan keni  
winawas saya was-uwas.
3. Duk semana Jeng Gusti arsa manggihi  
mring ari Jeng Pangran  
mring Jeng Ratu Bayun tuwin  
Jeng Ratu awas tumingal.
4. Mring kang raka anyander atawang tangis  
gapyuk ngrangkul sigra  
sesambat angasih-asih  
dera keh karaseng driya.
5. Yen rinasa sangsaya karaseng ati  
ginagas kagagas  
saya ge ges-ge ges kingkin  
winawas saya kawawas.
6. Yen binuwang saya^katawang ngawengi  
nampek ngampak-ampak  
kinipat-kipat amipit  
sinebrak saya karantak.
7. Ingang samya angadhep milya anangis  
sanadyan Jeng Pangran  
kumembeng waspane mijil  
nulya sinamur ngandika.

8. Aywa sira ngekehke kang karaseng galih  
yayi tanpa karya  
panggawe wus den lakoni  
akarya salah grahita.
9. Sayektine bendana ing urip iki  
iya upamanya  
lir wayang munggend ing kelir  
kinudang marang ki dhalang.
10. Kapindhone lir sarah munggend jaladri  
nut ombaking toya  
rinta yayi sribopati  
minangka iku samodra.
11. Satuduhe nerpati kudu nglakoni  
tan kena suminggah  
nadyan tekeng lara-pati  
suwarga lawan naraka.
12. Nora kena mesgul karsane nerpati  
sayekti duraka  
ing awal tumekeng akir  
marmane yayi ta sira.
13. Den narima ing lair prapteng ing batin  
dadya tapanira  
kapindhone sira yayi  
ngen pakeling lamun sira.
14. Iya ana kang amurba kita iki  
yayi den waspada  
ing siyang pan tara ratri  
sarta sarirakna ngangga.
15. Iya iku sampurnane tinggal yayi  
sarta amintaa  
rahayune laku iki  
utawane srinarendra.
16. Aywa manggih sangsaya karseng nerpati  
Jeng Ratu samana

amiyarsa ngandikaning  
kang raka kagyad ing driya.

17. Pan sampurna sagung raosing galih  
jer jinujur ujar  
usada tumibeng agring  
sakala waluya nala.

18. Mung kabenggang saking prenaja nulya glis  
Jeng Gusti semana mring  
palwanira pribadi  
ningah solahing wadya.

19. Denya tampan-tinampan palwa sami  
jungkung kang nuntuna  
adungu denya ngrerakit  
jer wonge bumi tan bisa.

20. Ing basane Surakarta nora ngerti  
muwuhi kisruhnya  
malah titihane Gusti  
dangu tan oleh wuwuhnya.

21. Tansah uyeng puyengan pating jalerit  
ngawe-awe samya  
wong bumi bingung ningali  
Jeng Gusti mesem ing driya.

22. Wusnya rakit jam wolu enjang anuli  
wus samya budhalan  
Jeng Ratu titihaneki  
pamethuk saking Madura.

23. Nenggih palwa sekoci sinung wewangi  
aran Kyai Jimat  
bituwah ing nguni-uni  
rinarengga ing parada.

24. Wus binabar lelayare sutra kuning  
asri tiningalan  
tengara mriyem amuni  
gamelan munya sauran.

25. Iya iku pratandha budhalireki  
tan owan rakitnya  
Jeng Gusti ngarsa pribadi  
nulya Jeng Ratu wurinya.
26. Nulya tuwan Asisten sumambung malih  
Rahadan Mas Riya  
Purwadiningrat nambungi  
sakancane jro sadaya.
27. Dene ingkang amungkasi aneng wuri  
Rahadyan Mas Riya  
Sasranagara tumuli  
ing sakancanira jaga.
28. Nulya samya abeber layare sami  
angin timur prapta  
palwa mawut ngebeki  
ambyar sumebar samodra.
29. Duk semana kang lagi layar jeladri  
kathah karaseng tyas  
sabarang katingal kadi  
akarya rasaning diiya.
30. Ngeres rasa karasa-rasa kang ati  
lawan duk amulat  
ombaking ponang jeladri  
dedawa-dawa ing rasa.
31. Nembe umyat ningali ing jroning warih  
ijo maya-maya  
dumeling toyane wening  
sangsaya nenula nala.
32. Datan ana semana kang kapiyarsi  
amung swaranira  
pradangga munya ngrerangin  
cat kapiyarsa cat ora.
33. Awor lawan panjeriting tledhek ngelik  
lamat-lamat-lamat

memulet mamethet ati  
anertat tus karantas.

34. Nulya wonten layar kang mecil pribadi  
tebih winulatan  
pan cat ilang cat kaeksi  
lir kapuk kabur kanginan.

35. Duk semana kang lagya layar jeladri  
yen linaras-laras  
lir daga Wirun duk lagi  
mring Balinya prang samodra.

36. Murih putri ing Bali nenggih Jeng Gusti  
lir Wirun upama  
Jeng Ratu lir Ragil Kuning  
Dyan Riya Purwadiningrat.

37. Kang minangka Andaga umpamaneki  
Raden Riya Sasra  
nagara lir Kalang nenggih  
dene Rahaden Ariya.

38. Cakradiningrat upamane lir kadi  
Mahesa Pandhoga  
Semarbangun apa dening  
saguning kaliwon samya.

39. Dyan Ngabehi Resanagara lir kadi  
Panji Kudasutra  
Janagara Dyan Behi  
lir Kuda Megatkung pama.

40. Dyan Ngabehi Sumadiputra lir kadi  
Apanji Pamegat  
Aryadipura Dyan Panji  
lir Panji Kuda Sutrana.

41. Dyan Ngabehi Santadipura lir kadi  
mungguh yen klithika  
Menak Klungkung angemperi  
iku ing upamanira.

42. Tuhu kathah lamun pinurweng ing kawi  
kang aneng samodra  
nanging cinendhak ing gendhing  
supaya gelising kandha.
43. Nulya prapta ing pabeyan Madureki  
jam sawelas siyang  
nanging maksih ngambang sami  
ing kana kendel busana.
44. Kang amapak wus pepak dharatan sami  
aneng pesanggrahan  
ing Soca denny arakit  
kang dadya pangarsa Pangran.
45. Adipati Secahadiningrat tuwin  
nenggih Pangran Sasra  
diningrat klawan malih  
Dipati Somadiningrat.
46. Nenggih samya pamethukira sarimbit  
dangu pangantinya  
anusul mring palwa sami  
dipati kari dharatan.
47. Angrakit kareta tundhan kudeki  
tandhu-gandhul lawan  
jagul-jagul kang bektani  
sakehe wong anom samya.

## Vili. PUPUH SINOM.

1. Warnanen kang methuk palwa  
Pangran kekalih sarimbit  
pan tetiga putranira  
samyang munggeng ing sekoci  
ing Raja mala prapti  
wus panggih lan Kangjeng Ratu  
anulya atur kurmat  
wilujenge dennyang prapti  
nenggih wonten pan ing Negari Madura.
2. Jeng Pangeran Adipatya  
Kusumayuda amingsih  
aneng ing titihanira  
lawan punggawa kekalih  
anulya den aturi  
marang Rajamala gupuh  
lawan kalih punggawa  
angagem keprabon sami  
prajuritan nenggih sami sesongkokan
3. Sanadyan kaliwon samyang  
nenggih sesongkokan sami  
praptane ing Rajamala  
kinurmat wilujeng nenggih  
anulya budhal aglis  
marang dharatan sadarum  
kekalih sekocinyang  
Kangjeng Ratu kang satunggil  
kang satunggal Jeng Gusti Pangran Dipatya.
4. Lawan kekalih punggawa  
lan Pangeran Madureki

saprapthane ing dharatan  
anitih kareta sami  
dene panewu mantri  
samyak kuda tundanipun  
lawan saabdenira  
Jeng Gusti Pangran Dipati  
dene Nyai Adipati Sedhahmirah.

5. Samya anumpak kareta  
ing sakancanira sami  
pan sapos tebihira  
nenggih saking ing nagari  
tan winarna ing margi  
ing jro pura sampun rawuh  
tan winarna kang ana  
nenggih jroning dalem puri  
kawuwusa nenggih kang aneng pandhapa.

6. Majeng ngidul Kangjeng Sultan  
Jeng Gusti aneng ing kering  
lan Asisten Surakarta  
lan Pangran Riya Mantawis  
Asisten Madureki  
aneng kanan prenahipun  
lan Pangran ing Madura  
dene punggawa kekalih  
neng ngarsa lan Dyan Riya Cakradiningrat.

7. Nanging neng lampit kewala  
lawan sakaliwon sami  
Dyan Menggung Jayadiningrat  
punika ingkang angirid  
Jeng Sultan nulya aglis  
asesalaman gupuh  
nulya Pangran Dipatya  
maringaken salam taklim  
Kangjeng Sultan andheku nekem karna.

8. Anulya kang para putra  
mring Sultan angujung sami  
sawusnya ujung sadaya

inuman majeng aglis  
wusnya nginum ping katri  
nulya dhahar sedarum  
lawan kalih punggawa  
para putra miwah sami  
Raden Riya Cakradiningrat aminggah.

9. Dene para kliwon samya  
aneng ngandhap dennya bukti  
lan Tumenggung ing Madura  
punika kang angembuli  
larihnya angideri  
tan kendhat mawantu-wantu  
sawusnya abujana  
nulya abubaran sami  
wus pinarnah masanggrahan sowang-sowang.

10. Jeng Gusti pinarnah marang  
Kadipaten lan kang rayi  
Pangeran Riya Mataram  
lawan Kangjeng Ratu nenggih  
ananging Kangjeng Gusti  
aneng dalem datan ayun  
aneng lojen karsanya  
kang apaman kinen nunggil  
anenggih Raden Arya Cakradiningrat.

11. De Raden Mas Riya Purwa  
diningrat pinarnah maring  
ing wismane Raden Riya  
Jayengrat sakanca sami  
kliwon panewu mantri  
sakancane jro sedarum  
Raden Mas Riya Sasra  
negara sinungan nenggih  
ing wismane Rahaden Kretawijaya:

12. Lan sakancanira jaba  
dene Nyai Adipati  
Sedhahmirah sakancanya

Purwanagara den goni  
kang kari jroning puri  
Jeng Ratu wusnya pepangguh  
kalawan Kangjeng Sultan  
nulya ingaterken maring  
Kadipaten nenggih marang Kangjeng Sultan.

13. Sore wanci pukul gangsal  
duk ingaterken nenggih  
pan samana Kangjeng Sultan  
anulya awangsul aglis  
kacatur rawuhneki  
neng Nagara Madureku  
Salasa ping sangalas  
ing Wulan Sawale nenggih  
ing Rebonya serat dalem manjing pura.

14. Kangjeng Gusti lan Jeng Pangran  
Riya Mataram lan malih  
bupatya lan kaliwonnya  
busana kadya duk prapti  
ngangge sesongkok sami  
marang loji jujugipun  
samya numpak kareta  
lan Tumenggung Madureki  
wus samekta neng loji ing sawusira.

15. Anginum ping katri nulya  
serat mangkat mring jro puri  
bupati samantrenira  
Madura aneng ngarsi  
tegese anjajari  
nanging rusuh lampahipun  
tungkak idak-ingidak  
ting barekus ting barekis  
yel-uyelan lir bebek mulih ing kandhang.

16. Salomprete pret-empretan  
neng ngarsa datan atebih  
kalihatuse prajuritnya  
seban jaba denya baris

paseban pancanita  
kang baris prajurit gambuh  
kawandasa kathahnya  
rampeke sinami-sami  
nenggih samya pan asikep waos sulam.

17. Kurmate samya atanjak  
tumbak-sulan kang pinusthi  
tanjake mawi irama  
anglir merak ngigel sami  
gamelan tundha kalih  
ing pancaniti genipun  
sajuga seban plataran  
praptane serat amuni  
barung lawan tambur slompret myang gumerah.

18. Ngrerangin gamelanira  
serat dalem kang angampil  
tuwan Polan Ister Litnan  
kumendhan lenggaireki  
Asisten Madureki  
tuwan Ondhandhi ranipun  
Asisten Surakarta  
tuwan Denmenek angiring  
seratdalem punika munggeng ing ngarsa.

19. Kang serat wusnya tinampan  
gamelan sinuwuk aglis  
binuka sinuksmeng driya  
kadhadha raosing tulis  
drel mriyem wanti-wanti  
swarane lir gelap sewu  
anulya abujana  
kundhisi awanti-wanti  
kang pangarsa Srinarendra Surakarta.

20. Jeng Sultan kelangkung suka  
tan pegat panglirik neki  
mring Gusti Pangran Dipatya  
kang tansah linirik-lirik  
pasemon denny wingit

prasaja sedhep apatut  
baguse asembada  
pratingkah tur jetmikani  
ya wus pan tes dadi boboding nagara.

21. Sanalika Kangjeng Sultan  
marang Jeng Pangran Dipati  
pan misih kadunging karsa  
wekasan resep ing galih  
nulya bubarana sami  
denira bujana-ninginum  
pan samya masanggrahan  
semana wau Jeng Gusti  
datan pegat tinimbangan mring jro pura.

22. Lawan kang rayi Jeng Pangran  
Riya Mataram tan kari  
lan tuwan Asisten muwah  
tan kendhat ing saben latri  
Kangjeng Ratu tan kari  
ingaturan pendhak dalu  
ananging bebintangan  
denira malbeng jro puri  
pra pangeran Madura pepak sadaya.

23. Lawan tuwan-tuwan samya  
malebeng marang jro puri  
malah Kangjeng Panembahan  
Mekasan tumut manggihi  
lawan Raden Dipati  
Suradiningrat Sedayu  
jer kaipe mring Sultan  
nenggih kongsi kawan latri  
sukan-sukan gamelan lan memmainan.

24. Kathahing pakurmatira  
wayang purwa klawan malih  
bebegsan Gambuh kalawan  
niyaganira Jeng Gusti  
tinimbangan nabuhi

lawan sateledhekipun  
wauta Kangjeng Sultan  
mangkana denira amrih  
angeluntur marang Jeng Pangran Dipatya.

25. Duk semana Kangjeng Sultan  
mring Pangeran Adipati  
Arya Kusumayuda  
sumerep reseping galih  
tan ketang benggang kedhik  
tinimbangan gupuh-gupuh  
tur tan pegat ing krama  
rumaket ngenganjing galih  
nadyan putra-santana samya mangkana.

26. Utawa yen nginum samya  
tan pegat tinawi-tawi  
kang dadi parenge adat  
pininta pinanci-panci  
senadyan dhahar sami  
jangan ulam sambelipun  
pan samya kinawruhan  
kang dadi parenge nguni  
lawan ulam aden-aden ing Madura.

27. Dhasare Pangran Dipatya  
tingkah wantah mrak ateni  
taklime pan wis katara  
sarta prayitnane mili  
tan pegat ngati-ati  
ngetrap-etrap patrapipun  
tur bisa nuju karsa  
yen dedingkik datan mosik  
anitik titike kang winatara.

28. Memegat siriking jalma  
tetebe wajib ngantebi  
marmanira Kangjeng Sultan  
akasok sihireng galih  
samangke mring Jeng Gusti  
nenggih ing panganggepipun

asrepe ing tyasira  
prasasat srinarapati  
Surakarta prapteng negri ing Madura.

29. Sanadyan sagunging wadya  
tan ana kurangan bukti  
sinuguh ing latri-siyang  
sanadyan dasihing dasih  
tan ana kurang bukti  
mentah-mateng kang sesuguh  
mila keh kapidhara  
dennya mangan nenembeni  
jer tan tau amangan iwak sagara.

30. Semana Setu ping tiga-  
likur nenggih Kangjeng Gusti  
mring Pulo Mangare lawan  
Jeng Pangran Riya Matawis  
lan Pangran Adipati  
Madura" ingkang tut pungkur  
lawan Asisten Sura-  
karta lawan Madureki  
para putra Kusumayudan amilya.

31. Jam nem enjing budhalira  
jam pitu Sembilang prapti  
samyana anitih kareta  
wusnya dhahar wedang roti  
jam sanga layar aglis  
sakoci titihanipun  
rawuhireng brug betengan  
kinurmat ing mriyem muni  
ping tri welas gung-agung mriyemira.

32. Swara lir gelap kasanga  
gumludhug gegeteri  
kang urmat baris-neng jaba  
tambur tanggap tanduk muni  
salompret ting jalerit  
ting salenthit sulingipun

barisan tundha tiga  
rong bregada kulit putih  
gangsals atus soldhatnya pinara tiga.

33. Tetindhah opsir saka wan  
satunggal dhoktere nenggih  
Litnan Kumendhan satunggal  
samyane tur tabe agipih  
nyarani lenggah kursi  
cinatur ing rawuhipun  
wanci pukul sadasa  
wusnya nginum wedang roti  
karsanira lajeng ngideri betengan.

34. Beteng Mengare isthanya  
abata agung respati  
panyendhak sawidak cengkal  
wolungpuluh alangneki  
ngetan ujurireki  
mriyem satus-kawanlikur  
maryam bum ingkang sakawan  
tepung gelang Kangjeng Gusti  
kondur marang wismanya tuwan kumendhan.

35. Kumendhan ngaturi dhahar  
para putra sareng sami  
ing sawusira dhahar  
jam satunggul kondur aglis  
Asisten datan keru  
datan beda kurmatipun  
nalika ing rawuhnya  
satengah kalih duk prapti  
Sambilangan tandya-opsir kang anjaga.

36. Dherek prapteng Sambilangan  
para opsir Kangjeng Gusti  
prasamya unjuk-unjukan  
aneng pesanggrahan nenggih  
wedang roti tan kari  
ing sawusira angunjuk

nulya atetabean  
miwah upsir beteng sami  
nulya budhal akundur unkur-ungkur.

37. Pukul kalih budhalira  
jam tiga prapteng nagari  
sapraptanireng pondhokan  
datan winarna ing kawi  
ri Senenira enjing  
ping selawe tanggalipun  
tedhak mring Surabaya  
lang Pangran Riya Matawis  
lawan Tuwan Asisten ing Surakarta.

38. Lawan Nyai Mas Dipatya  
Sedhahmirah lawan malih  
kang putra dherek sadaya  
jam nem enjang budhal saking  
anitih kreta sami  
prapteng Kamal pukul wolu  
kalih pos tebihira  
wusnya ngunjuk wedang sami  
nitih koci sigra bedhol jangkar layar.

39. Pukul sanga praptanira  
ing dharatan sami nitih  
anenggih kareta samya  
punika pamethuk saking  
Tumenggung Surabanggi  
ingkang badhe jinujug  
Raden Tumenggung Panjya  
Cakranagara wewangi  
sakalangkung denira suka ing dria.

40. De Jeng Gusti kongsi prapta  
aneng Nagri Surabanggi  
prasasat srinarata  
tindak marang Surawesthi  
marmane anglangkungi  
denira gung kurmafipun  
pinarak paringgitan

tan kendhat gamelan muni  
miwah Dipati Dhongkol Cakranagara.

41. Amanggih duk semana  
nulya ngunjuk wedang aglis  
ameng-ameng nitih kreta  
ningali wong nyambut kardi  
mariyem lawan dhuwit  
sangkuh pedhang lantakipun  
tan kena wor-woran  
sinungan enggon pribadi  
trekahira akarya ebating driya.

42. Kalihewu kathahira  
gunge wong kang nambut kardi  
wus putus genya mariksa  
kondur kabupaten malih  
anulya dhahar sami  
sabibare dhahar sampun  
ing wanci pukul gangsal  
karsa pesiar Jeng Gusti  
lan kang rayi Jeng Pangran Riya Mataram.

43. Lan tuwan Asisten nunggal  
dadi sakareta sami  
dene ingkang para putra  
lawan Nyaimas Dipati  
Sedhahmirah lan malih  
Walandi urdenasipun  
lawan kang para wadya  
kinen palesir pribadi  
samyang nunggang kareta asowang-sowang.

44. Nanging kerep leren samya  
sagung ingkang para dasih  
nganyang-anyang dedagangan  
nangir ; tan ana kang dadi  
semana Kangjeng Gusti  
lan tuwan Jendral Ris pangguh  
wus maringken tabenya  
Surakarta Sribupati  
nulya dhahar neng wismane tuwan Jendral.

45. Sawusnya dhahar bubaran  
satengah sanga ing wanci  
rawuh aneng Tumenggungan  
kinurmat wayang-purweki  
anulya den caosi  
dhahar nanging datan ayun  
denya ningali wayang  
tan sare muput salatri  
sarwi kinen sawiji wadya sendhonan.

46. Ebat kang samya amulat  
denira bisa ngengawi  
nrumpaka barang katingal  
dinadak tan tumpang-titih  
binarung lawan gendhing  
tan ana kaliru tembung  
Tumenggung Surabaya  
gedheg-gedheg duk miyarsi  
dene bisa ngrumpaka barang sakala.

47. Pan kathah yen winursita  
kang lagya ningali ringgit  
wus tatas bangun rahina  
Jeng Gusti dipun aturi  
pethetan langkung adi  
Cakranagara Tumenggung  
gone aneng jro toya  
aran kayu puspawarih  
Jeng Gustya yun nyingkur kitha Surabaya.

## IX. PUPUH PANGKUR.

1. Samana pan sampun bidhal  
sanging wismanira Tumenggung Panji  
Cakranagara jam pitu  
enjang datan winarna  
ing samodra pasranggahan sampun rawuh  
wadya samya tan winarna  
tuwan asisten ngaturi.
2. Anunggal ing pondhokan  
aneng wisma Pangeran Madureki  
Atmajadiningrat iku  
nenggih kang darbe wisma  
nulya ngalih samana pan sampun kumpul  
lan Asisten Surakarta  
samy munggeng kamar sami.
3. Rebo ping pitulikurnya  
duk semana Jeng Gusti anampeni  
sembagi lawan baludru  
saking ing Kangjeng Sultan  
kinon bage ing abdidalem sadarum  
panewu mantri lan putra  
lawan kaliwon bupati.
4. Lan abdenira priyangga  
kamituwa ranga kinen maringi  
nulya binage agupuh  
wus warata sadaya  
jer wus sinung kekitir saking kadhatun  
dene mring Pangran Dipatya  
lan Pangran Riya Matawis.

5. Sembagi plangi Kelingnya  
dene kliwon bupati lawan upsir  
baluduru abang sedarum  
baluduru ireng sutra  
liya iku samya sembagi sedarum  
pan ajungan tan kaetang  
gantya kang winuwus malih

6. Kang sampun dadya ing rembag  
budhalira badhe garwa nerpati  
Senen tanggal kaping telu  
ing sasi Dulkangidah  
dene Pangran Dipati badhe rumuhun  
mring Badhanten jujugira  
ngrerakit kang durung rakit.

7. Genira nampeni barang  
neng Badhanten ingkang wus dadi pikir  
nulya na nyelani catur  
Dyan Mas Purwadiningrat  
kang pamit mring Garesik duk rumuhun  
dandani palwa kang rusak  
sarta pamit ngrumiyini.

8. Lan ngrakit barang kang kurang  
tagen-tagen badhe kewen benjing  
kinarya anarik prau  
kanan-kering bengawan  
jer yen mudhik tanpa tinarik bae wus  
lan malihe angupaya  
kurangane palwa benjing.

9. Kinarya tungganganira  
wong Madura lan sabekakasneki  
marmane apamit gupuh  
semana tur uninga  
mring Jeng Gusti winotken ing surat sampun  
genira ngrakit baita  
pan sampun samekta sami.

10. Lan kapindho panyuwunnya  
mring Badhanten ngrerakit ngrumiyini  
Kemis kaping wolulikur  
bekta kang palwa-palwa  
duk semana Jeng Gusti sukeng ing kalbu  
nulya winangsulan serat  
kelamun suka ing galih.

11. Ing malem Jumungahira  
Kangjeng Gusti napista maring loji  
mring kadhaton jujukipun  
lawan para Pangeran  
Kangjeng Sultan pukul wolu tedhakupun  
kinormatan pamusikan  
sapraptanira ing loji.

12. Dyan Riya Sasranagara  
duk semana tan tumut gerah pamit  
Jeng Sultan sarawuhipun  
ing loji nulya karsa  
memainkan sater anulya wau  
para nyonyah samya dhangsah  
nenggih wanci pukul kalih.

13. Jeng Sultan taksih mainan  
para nyonyah asayah tirfg paringis  
adangu dhahar tan ayun  
Jeng Gusti pakumpulan  
lawan para Pangeran ing Madureku  
tuwin Radyan Adipatya  
Kusumadiningrat nenggih.

14. Agunem sampening palwa  
kathah-kedhikira kang dherek sami  
marang ing Surakarteku  
anulya samya dhahar  
nanging tan mawi kundhisi dhahar muhung  
pukul tiga nulya bubar  
kawuwusa dukirenjing

15. Dyan Riya Purwadiningrat  
atur serat malih mring Kangjeng Gusti  
anuhun prentah kang putus  
klilane rumiyina  
mring Badhanten angirit palwa karuhun  
Kangjeng Gusti duk miyarsa  
surasane ingkang tulis.

16. Awingit asumung duka  
angandika marang ingkang tinuding  
kadiparan kangmas iku  
teka jaluk parentah  
dene aku uwis aweh prentah putus  
duta jrih datan matura  
dhedhukulan awotsari.

17. Serat nulya winangsulan  
tan prabeda wangsulan duk ing nguni  
Jeng Gusti anulya gupuh  
malbeng marang jro pura  
arsa pamit denya arsa budhal esuk  
mring kang rama Kangjeng Sultán  
wusnya pamit nulya mijil.

18. Pan sampun semayan dina  
Setu tanggal sapisan budhal aglis  
lawan sawadya sedarum  
jalu-estri sadaya  
mung Jeng Ratu Pembayun ingkang akantun  
lan Pangran Riya Mataram  
lawan Radyan Riya nenggih.

19. Cakradiningrat kelawan  
Raden Ayu Cakrakusuma kari  
Nyai Mas Dipati tumut  
lawan pra kancanira  
mila budhalira Jeng Gusti rumuhun  
semana lepas lampahnya  
ing pabeyan Soca prapti.

20. Anitih sekoci palwa  
datan ana wadya ingkang umiring  
mung para putra sedarum  
sinrangken ingkang palwa  
para wadya sadaya samya akantun  
kang samya musthi ampilan  
mung Garesik kang kaeksi.

21. Muwareng Garesik prapta  
aningali palwa Surakarteki  
ajibeg asungsun timbul  
tan ana rumiyina  
mring Badhanten Jeng Gusti asumung-sumung  
jaja bang anglir ingobar  
kumedut padoning lathi.

22. Dyan Riya Purwadiningrat  
duk samana awas denya ningali  
lamun Kangjeng Gusti rawuh  
arikuh maras-maras  
klithah-klithih kumlithih pating garuthuk  
winawas tyas uwas-uwas  
kekes maras ketir-ketir.

23. Angakal saguning akal  
mrih pirapet ingatur kocar-kacir  
memuntir pikir marucut  
manculat ting baresat  
ngajar-ajar jejerang atur kang jujur  
jinejer-jejer anjejak  
kadhupak abosak-basik.

24. Kaplepek kapelak suwak  
pikir mintir ananging ting saluwir  
tyas rantas pepes amupus  
lamun sru kaluputan  
ing wekasan tan ana pikir jinumput  
mung nyadhong dhawah deduka  
anulya dipun timbali.

25. Sapraptanira ing ngarsa  
Kangjeng Gusti ing pangandika wingit  
kadiparan ingkang rembug  
kakangmas kang baita  
dene maksih ing riki jibeg supenuh  
Dyan Riya kebat turira  
alon sarwi ngasih-asih.

26. Dhuh Gusti kadang kawula  
ngaturaken kalepataning dasih  
kawula tan saged matur  
langkung ageng kang lepat  
pan sumangga deduka ingkang dhumawuh  
Gusti tan suwaleng karsa  
Kangjeng Gusti duk miyarsi.

27. Kapranan atur pangrepa  
dadya luntur denyarsa andukani  
kalepat anulya banjur  
laju layar kewala  
mring Badhanten Jeng Gusti ingkang jinujug  
tan winarna aneng marga  
geter kang tinilar wuri.

28. Ing warta ambyar sumebar  
lamun Gusti duka yayah sinipi  
lir ginunjing kang wadya gung  
kedhungsang ting karangsang  
ting jalerit anyeluk ing rowangipun  
payo age sumusula  
mring Gusti kang layar dhingin.

29. Pan kathah solahing wadya  
ana ingkang datan saranteng budi  
adharat denira nusul  
jer Gusti tanpa wadya  
ketir-ketir kumitir tyas ngenut-enut  
tan ketang tebih ing paran  
mung ngesthi gelisa panggih.

30. Duk semana ingkang dharat  
prapteng ngepos Sembayat tengah wengi  
neng kana lerep sedalu  
Badhanten wus kaliwat  
nanging seje sabrang-lor kalawan kidul  
arsa nyabrang nora bisa  
ngupaya palwa tan olih.

31. Semana kang layar ngarsa  
Kangjeng Gusti Badhanten sampun prapti  
jam sekawan siyangipun  
kelantur tanpa dhahar  
lawan para putra tan dhahar sedarum  
kendel aneng wismanira  
ing Walandi tukang banggi.

32. Tuwan Dherik namanira  
sawusira tabeyan Kangjeng Gusti  
tuwan Dherik nenggih dangu  
denira mawas-mawas  
pan mangkana osiking sajroning kalbu  
sapa baya iki jalma  
pasemone dene wingit.

33. Yen uga jalmaa rucah  
nora layak baguse ngrespateni  
yen uga jalmaa luhung  
dene datanpa rowang  
mung tetelu iki cilik rowangipun  
baya iku adhinira  
warnane apekik-pekik.

34. Kapindhone baya jalma  
pan kaleson iya marang ing bukti  
nulya atetanya arum  
lah iya sira sapa  
angakuwa wong bagus ingkang satuhu  
Jeng Gusti alon ngandika  
pan ingsun Pangran Dipati.

35. Ariya Kusumayuda  
kang sinung wikani kagyad ngasih-asih  
kawula amintak ampun  
sayekti datan wikan  
yen paduka nenggih Gusti kang linuhung  
tuwan Dherik cahyanira  
abiyas tyas ketir-ketir.

36. Jeng Gusti waspadeng ing tyas  
angandika aris arum amanis  
aywa dadi tyasireku  
karana ingsun maha  
tuwan Dherik sumringah ing cahyanipun  
jenggirat malebeng wisma  
anak-bojo den wangsiti.

37. Sarwi kinen angrakiti  
saanane sinaosake Gusti  
cengkelak anulya wangsul  
angadeg pangadhepnya  
datan wani aneng kursi denya lungguh  
Jeng Gusti alon ngandika  
kinen lungguh aneng kursi.

38. Tuwan Dherik duk semana  
nenggih darbe anak estri kekalih  
sih perawan kalhipun  
wayah samya diwasa  
warnanira kekalih ayu linuhung  
kang atawa kulitira  
akaduk putih sakedhik.

39. Inggang anem kulitira  
bengle keris tuhu kuning dumeling  
mancurat cahya umancur  
kang tuwa cahyanira  
anglir wulan purnama ing gebyaripun  
apan sengoh sawetara  
semune akaduk daging.

40. Pundhak samya anrajumas  
bau wijang liringe dudut ati  
kang anom lelewanipun  
miwah ing rupanira  
jibles Jawa agandhes luwes apatut  
sedhepira awiletan  
gandar antar ngrespateni.

41. Peraen lancap sembada  
lambe nyameh pantes ginigit-gigit  
pipi mentes membat-membut  
upama pinanjeran  
ingaranan nenggih kongsi kalih dalu  
wus samya salin busana  
kagok kaduk cara Jawi.

42. Kemben samya anglung-jiwa  
pinggir bathik tengah jingga lokadi  
kebayak rasukanipun  
dhasare nyonyah lip-lap  
mila-mila wiraga sasolahipun  
pantes angladosken wedang  
liringe lir angesemi.

43. Sembada kang payudara  
mentes pantes binrongsongan la kongsi  
tan ana renggang serambut  
rapet tan kena udhar  
solahira tuhu sedhep wilet patut  
abikut nonah kalihnya  
denya ngladosi Jeng Gusti.

44. Semana Pangran Dipatya  
sinaosan dhahar lan Tuwan Dherik  
kinsarsaken dhahar kembul  
mentak ampun aturnya  
jer Walandi tukang banggi palwa langkung  
mung kembu lan para putra  
samya pinarak ing kursi.

45. Ing sawusira adhahar  
para putra mangkana siking galih  
aneng ing panggonanipun  
kinarya turu iba  
kapenake sawengi tan antuk turu  
mangkana pangunandika  
apan sarwi ngliring-liring.

46. Marang nonah roro ika  
sinasmiteng lelungid wali-wali  
tumanggap agya tumanduk  
sarehireng dadakan  
wisma gredhu kinon angresiki sampun  
ginelar lampit lan klasa  
bantal guling wus rinakit.

47. Para putra duk umiyat  
nonah kalih abikut dennya ngrakit  
ting kalecem gujengipun  
semune anyenyeda  
kawistara wonten ing lelewanipun  
sami kapanujon karsa  
pan samya jawil-jinawil.

48. Sarwi ngumbar esemira  
para putra miwah nonah kekalih  
ting salemprung liringipun  
samya abentus cipta  
ting kalepyur tyasira temahanipun  
atandhing ijen-ijenan  
mangkana osiking galih.

49. Jer putra ingkang satunggal  
Den Mas Ngangsam dereng mangsa ing kardi  
kang kalih sampun pinutus  
nanging ta sejatinya  
Dyan Mas Panji Jayengtilam kang asepuh  
tan arsa miyatanana  
beda lawan ingkang rayi.

50. Dhasar Rahadyan Mas Panji  
ing watak iya sok mihatani  
tate anjajah tuwajuh  
samana Dherik Tuwan  
sinung wikan mring sutestri kalhipun  
wisma gerdhu rinakitan  
praputra ngancaran sami.

51. Aso mring garedhu samya  
jer Badhanten sapinggire ing margi  
mila wonten wisma gerdhu  
semana Jeng Pangeran  
angandika numpangi asoa gerdhu  
lumengser kang para putra  
ing garedhu sampun prapti.

52. Pan sampun pinaripurna  
sareyan tanlyan ginunem sami  
mung nonah kekalih wau  
ayune ingkang warna  
sembadane wiraga sesolahipun  
Dyan Mas Panji Wangseng-sekar  
bramastra tansah pinusthi.

53. Nanging sanget sompokira  
ingkang rama tan pegat mulat liring  
ariku temahanipun  
nah ro kathah solahnya  
mider ngiter anginjen ing temahipun  
nulya wonten kang pambelah  
galoso dagan aguling.

54. Labete arip lan sayah  
semana wadya durung ana prapti  
pambelah tan ana nyaru  
eca denya mor nendra s  
mung kang nginjen awas ing tyasipun  
den sengguh dudu pambelah  
denyana wong arsa ngutil.

55. Linarak prapteng ing latar  
ingujaran tan bisa anauri  
teka pijer lengur-lengur  
jer pambelah ing Madura tiyang dhusun  
rowange awas tumingal  
nulya pinaranan aglis.

56. Apan sarwi angsung wikan  
yen punika pambelahnya Jeng Gusti  
nonah kalih samya mundur  
mesem ambandhem tingal  
mring praputra  
kang binandhem tyas kumepyur  
mak sedhet amales tingal  
tinampan ing esem manis.

57. Dyan Mas Panji Wangsengsekar  
duk kapletik ing esem kang amanis  
tyas meded modod kadudut  
semana Pangran Patya  
dukmiyarsa pambelah Madureku  
kang nglampahaken titihan  
anulay amedhar liring.

58. Kang putra tanggap sasmita  
wong pambelah ingkang linarak nenggih  
anulya ginanjar gupuh  
limang rupiyah pethak  
gantya kocap prawadya kang samya nusul  
ing dalu akeh kang prapta  
ing wuri maksih anggili.

59. Tan winarna ing latrinya  
duk semana sampun angagad enjing  
palwa prapta maksih selur  
malah kongsi sadina  
dereng kendhat palwa mudhik kang sumusul  
akathah lamun winarna  
gantya kang winuwus malih.

60. Kusumeng badhe dayita  
sampun budhal saking Madura Nagri  
ramebu ngater sadarum  
nitih sakoci palwa  
duk samana datan winarna ing delanggun  
ing Badhanten sampun prapta  
kang putra sampun kinanthi.

## X. PUPUH KINANTHI.

1. Warnanen kang lagya rawuh  
ing Badhanten sang aputri  
jam gangsal sore wancinya  
anitih palwa sakoci  
kang ibu lawan kang rama  
samyana anunggal sawiji.
2. Lawan Jeng Ratu Pembayun  
lawan Radyan Ayu tuwin  
Cakrakusuma anunggal  
tambur slomporet aneng nginggil  
sekoci titihan Sultan  
Swaranira mamelingi.
3. Pangeran ing Madureju  
lan Pangran Riya Matawis  
Anunggal dadya sapalwa  
kinurmat gamelan muni  
swarane umyung gumerah  
mariyem mawanti-wanti.
4. Swarane lir gelap sewu  
atarap tepining kali  
jalu-estri wong neningal  
samana Pangran Dipati  
upama kang darbe wisma  
dhedhoyohe lagi prapti.
5. Neng Rajamala memanut  
barang kang saru tinebih  
sawusira nuli mapak  
mring tamu kang lagya prapti  
neng katiring Rajamala  
nyrepepeh tamune prapti.

6. Jeng Sultan nulya tumurun  
badhe garwendra kinanthi  
minggah marang Rajamala  
praputra sami lumiring  
sung urmat wilujeng marang  
Jeng Pangeran Adipati.
7. Jeng Gusti umatur nuwun  
awirageng ngungkret wentis  
sang retina malebeng kamar  
Jeng Gusti maksih ing katir  
mematah palwa kang prapta  
Jeng Sultan ngandika ririh.
8. Nakmas dikapareng ngayun  
suwawui lenggah ing kursi  
lan para rinta sadaya  
tuwan-tuwan Sisten nenggih  
samyana aneng Rajamala  
satata munggendu ing kursi.
9. Saosan samekta sampun  
bujana laruh ngideri  
Jeng Sultan alon ngandika  
mring Pangeran Adipati  
Arya Kusumayuda  
lah angger Pangran Dipati.
10. Lamun ing lampah lestantun  
tan wonten sawiji-wiji  
gen kula ngater rayinta  
wangsuleng Bojanegari  
Jeng Gusti Ion aturira  
nuwun inggih mugi-mugi.
11. Anulya bubaran sagung  
bujana makuwon sami  
ing palwane sowang-sowang  
sigegen kang lagi prapti  
samana Pangran Dipatya  
praptaning palwane nuli.

12. Anyebar prentah sumawur  
mring sagunging para dasih  
asaling gelaring lampah  
mengko kang dadya pangarsi  
kakangmas Purwadiningrat  
angiras ngupaya margi.

13. Yen ana kayu tumelung  
amanglung aneng ing kali  
sayogya den rampasana  
sanadyan ta wonge bumi  
ing nguni wis ngrampasana  
bokmanawa ana kari.

14. Lawan ingkang ewuh-ewuh  
kang cungil kang rumpil-rumpil  
iku padha den trekaha  
supayane/amrih gampil  
ilanga sumelange tyas  
sarta anggawaa kanthi.

15. Si Trunamenggala iku  
pasawahan aywa kari  
iku ingkang anuduhna  
sakeh ingkang werit-werit  
kalang gowong den gawaa  
pan iku kang angrampasi.

16. Mung si Gadamenggaleku  
ywa owah rumeksa maring  
si Rajamala kewala  
lan manir.ge si Ngabehi  
Wangsadrana ing Nusupan  
sun pundhut sun karya kanthi.

17. Anaa sun dangu-dangu  
yen ana pakewuh margi  
lawan iya ta anaa  
si Wangsadrana Ngabehi  
jer wus akeh kawruhira  
akerep denya nglakoni.

18. Lan maninge bakal aku  
anunggal palwa kang cilik  
amrih rikate kang lampah  
ngawruhi ngarsa lan wuri  
dene kang sumambung kangmas  
iya baturku pribadi.

19. Dene kang sumambung pungkur  
pan si bibi Adipati  
Sedhahmirah sakancanya  
lawan urdenas kekalih  
sarta mantri gedhong samya  
lan Rajamala ywa tebih.

20. Anenga ing ngarsa iku  
dene wong ing Madureki  
ing wurine Rajamala  
ngalumpuka dadi siji  
si uwa Sasranagara  
dadya pamungkase wuri.

21. Kancanejaba sedarum  
meluwa aneng ing wuri  
lawan padha ngimpunana  
yen ana kang repot wuri  
senadyan wong ing Madura  
den impunana kang becik.

22. Lan maning prentahna gupuh  
aywana kang wani-wani  
angrerrayah ing dedesan  
yen ana kang wani-wani  
sayekti tanpa patrapan  
sawetaraning prakawis.

23. Dene yen wong Madureku  
aywana kang manasteni  
nanging aja melu padha  
mangkana ing prentah mami  
iya iku poma-poma  
aja na kang wani-wani.

24. Lan maning dhawuhna gupuh  
iya ing parentah mami  
mring kangmas Purwadiningrat  
saguning wong Madureki  
aywana kurang tunggangan  
poma-poma aywa kongsi.

25. Ywa kongsi kurangan prau  
yen kongsiya kurang yekti  
akarya nisthaning praja  
abanget wewaler mami  
kapindhone karsaningwang  
yai'ku amundhut mantri.

26. Kaliwon tetindhihipun  
yen lerep lawan lumaris  
atungguwa Rajamala  
rumeksa sang aputri  
pitu-pitu saratrinya  
kaliwone pan sawiji.

27. Dene ing panggonanipun  
saprayogane ing budi  
nadyan ana ing dharatan  
miwah palwane pribadi  
nanging den kapareng perak  
yen ana prentah nampani.

28. Lawan maninge ing laku  
yen ngarep bidhalan sami  
aywa owah kadya adad  
tengara mriyem amuni  
Carabalen nyaurana  
den samya gambuh lumaris.

## XI. PUPUH GAMBUH.

1. Nulya budhalan gupuh  
swarane gamelan ting carengkung  
barung lawan mariyem mawanti-wanti  
pamusikan kumarumpyung  
kang palwa arebut enggon.
2. Barung salompret tambur  
swaranira sumelet kumruwuk  
samy pasang daludag miwah kekitir  
umbul-umbul pan ingulur  
kekencernya cumalorot.
3. Ngobar-abir ngenguwung  
maliweran lir marus tumurun  
kethak-kethap apethit angilat thahtit  
panjriting taledhek arum  
akarya gambireng kang wong.
4. Tan winarna delanggung  
Majapura pukul kalih rawuh  
pan alerep sedalu budhalan enjing  
nulya lerep dhusun Dhukun  
wewates Garesik kana.
5. Nenggih lawan Sedayu  
enjang budhal nenggih lerepipun  
wonten dhusun Kedhokan inggih salatri  
pan iku bawah Sedayu  
enjing nulya samya bodhol.
6. Sarta sagung perahu  
wiwit palwa samya kang gung-agung  
pan tinarik saking ing dharatan sami

dhasar kathah tiyangipun  
pinggir menawi kumroyok.

7. Winatara kehipun  
kawan atus tan kirang tan langkung  
nulya rereb ing Ringinanom salatri  
pan ajeg ing lerebipun  
pendhak pukul gangsal kana.

8. Miwah ing budhalipun  
wus pinesthi ing pukul nem esuk  
nulya budhal saking Wringinanom desi  
prapteng Truni sampun surup  
akarsa lajeng kemawon.

9. Ing Babad kang kinayun  
jer ing Babad pesanggrahan agung  
meksih tumut bawah ing Sedayu sami  
kang narik keh swaranipun  
wus peteng anrajang jeblog.

10. Sarta nelasak grumbul  
seprandene tan noli ing pungkur  
satuhune wong Sedayu becik-becik  
tan keguh dening pakewuh  
nulya pinapag ing obor.

11. Amyang obor gung-agung  
teping bengawan sumatipun  
tan petungan gunging obor nganan-ngerin  
winatara kathahipun  
gangsالاتus kehing obor.

12. Swarane myung gumuruh  
ting jalerit samya abebeluk  
mring rowange waon-winaonan sami  
ing wekasan dadya umung  
akarya dhoponing pakon.

13. Nulya ing Babad rawuh  
pukul sanga swarane kumrusuk  
barang lawan gamelan ingkang ngormati

memonggangan gendhingipun  
lir kodhok lagya kabanyon.

i 4. Pasanggrahan tinarub  
lurung-lurung pinalengkung lengkung  
sinekaran janur kuning kang linungsir  
neng kana lereb sedalu  
nanging neng palwa kemawon.

15. Enjingnya bidhal gupuh  
tan winarna aneng delanggung  
pan kadalon kadya ing Babad anuli  
ing Gambia sipeng sedalu  
pikurmate datan seos.

16. Lan ing Babad duk dangu  
barang kurmat lan Babad wus jumbuh  
myang gamelan lir kodhok karoban warih  
pukul sanga praptanipun  
bawahing Tuban ing kono.

17. Semana demangipun  
sumaos maring Gusti sedarum  
sami ngaturaken ingkang bulubekti  
jambe bako lawan suruh  
dene wewanginekang wong.

18. Mertawangsa pengayun  
Angabehi ing Rengel pilungguh  
jer Jeng Gusti tan pegat dennya ngimpuni  
mring tyase demang sedarum  
kang samya jaga pakewoh.

19. Kakenan ing tyasipun  
pangidhepe samya jrih alulut  
marma akeh kang samya atur babekti  
tan pegat saurutipun  
genira gegangjar kang wong.

20. Marma wong cilik suyud  
mring karyendra anggarapa cakut  
lamun ana pakewuh kang den unduri

anelasak bondhot grumbul  
angerobyok toya jero.

21. Enjangnya budhal gupuh  
pukul gangsal samana wus rawuh  
ing Sekaran kabawah Bojanegari  
neng kana lereb sedalu  
demang dhestrik samya caos.

22. Lawan pepatihipun  
Bojanegara methuk agupuh  
wus kapriksa ngandikan ngarsa Jeng Gusti  
ingawe majeng angraup  
padeng Jeng Gusti lingnya Ion.

23. Kowe sapa jenengmu  
pun Wiranagara nama ulun  
lenggah patih ngirid demang bekel kuli  
badhe tam Di selehipun  
kawula ingkang gumantos.

24. Wus samekta sedarum  
datan winarna ing ratrinipun  
duk semana nenggih sampun gagad enjing  
tengara mriyem gumludhug  
gamelan umyung gumuroh.

25. Nulya budhal sedarum  
datan kena kliru prenahipun  
jer bakal tumeka ing Bojanegari  
ya kana kantore agung  
den samekta ing penganggo.

26. Sigegenge kang lumaku  
gantya ingkang lagya amemangun  
Radyan Pati Jayanegara wewangi  
Bojanegara pilungguh  
lagya mangun reh wawengkon.

27. Pangarsane ing ngayun  
lurung-lurung samya pinalengkung  
sinekarane linungsiran janur kuning

ing ngisor tekeng ing dhuwur  
ting serawe ting garendhol.

28. Dene ing tebihipun  
wiwit tepining bengawan muput  
mring wismane satengah pai winitawis  
pinanjeran ing lelayu  
ya segawang ya sawong.

29. Segawang wiyaripun  
pan sadhepa de gamelanipun  
neng tepining bengawan sinung wismeki  
pan wus samekteng sedarum  
mangsuli kang winiraos.

30. Kang lelaku wus rawuh  
Bojanegara ing Slasanipun  
ping telulas tanggal Dulkangidah sasi  
wong nenonton abarfibul  
jer sang Retna arsa miyos.

## XII. PUPUH MIJIL.

1. Duk semana kang arsa mijil  
kang palwa sang sinom  
ing dharatan sampun pinaranten  
kesting kuning kang rinakit-rakit  
pinetha jejali  
linungsiran patut.
2. Nulya ingirid marang Jeng Gusti  
malebeng marang jro  
jrambah Rajamala ing andhege  
cinawisken marang sang Aputri  
rapet lawan kori  
neng kamar gumathuk.
3. Tan kuwasa sagung kang ningali  
samyajoblong-joblong  
nulya medal saking ing palwa ge  
Kangjeng Gusti tan benggang lan j oli  
ngampingi sang Putri  
Jeng Sultan neng pungkur.
4. Nitih kursi kinerobong keasting  
pinikul ing wong  
dene para putri Madureku  
munggeng kursi kinrobong sembagi  
ulur lampahnya ris  
Jeng Sultan duk dulu.
5. Jeng Gusti dharat angampingi j oli  
tyas karontog-rontog  
kumembeng meh mijil waspane  
saya kathah karaos ing galih  
sun mulat kadyeki  
tan nyana satuhu.

6. Yatalah nakmas Pangran Dipati  
dene bisa nganggo  
tingkah iku ngluhurken ratune  
kirengsun tembe bakal pinanggih  
nak-putune wuri  
ambeg kang kadyeku.
7. Madura anaa wong kadyeki  
iba bungah ingong  
de tan ana serambut gesehe  
caritane Panembahan adhi  
Pamekasan nguni  
duk jaman prang kumpul.
8. Uwus layak dadya senapati  
jro dahuru rusoh  
sarwa-sarwi katemu petheke  
criteng Panembahan Senapati  
jumeneng Matawis  
destun undha-usuk.
9. Gusti Allah paringa sih kang wis  
ambeg kang mangkono  
mrih dadya ondhe upamane  
mring sagunge kang ing wuri-wuri  
sumusula kardi  
budi kang kadyeku.
10. Yen datan pinintaa kang sih  
kang ambeg mangkono  
nora wurung ing tembe dasihe  
nora ana nganggo kramaniti  
tawa dalil kadis  
temah tanpa dhapur.
11. Apan kathah yen winarneng gendhing  
wau kang karaos  
duk semana wus prapta wismane  
Raden Dipati Bojanegari  
Wau sang aputri  
ing wisma wus malbu.

12. Kangjeng Sultan lawan Kangjeng Gusti  
wus lenggah karoron  
lan tuwan Asisten Madurane  
lan asisten ing Bojanegari  
Pangran Madureki wus samya sumusul.

13. Nayaka kalih Surakarteki  
samya aneng ngisor  
Patih Madura nunggil lenggahe  
kapat Dipati Bojanegari  
Sultan ngacarani  
dika pareng ngayun.

14. Wusnya nginum abubaran sami  
mring palwa makuwon  
ana ingkang sumela kandhane  
kang anyimpang ing Bedhanten nguni  
medal dharat sami  
Jeng Ratu Pembayun.

15. Lawan Jeng Pangran Riya Matawis  
ingkang winiraos  
Asisten Risdhen Surakartane  
sampun ganti denny ngumentiri  
Sisten Madureki  
Ondhanci sinambung.

16. Pan cinendhak caritanireki  
Srakarta wus rawoh  
amangsuli Bojanegarane  
ingkang lagya makuwon palweki  
lawan prabupati  
yen sore lumebu.

17. Tansah bujana kelamun ratri  
tan angango medhot  
lan kinurmat ing wayang purwane  
pan saratri semana dipati  
Bojanegareki  
pan enget ing kalbu.

18. Denny adarbe kapal kekalih  
dhawuk lawan bopong  
bagus anom Bima pinangkane  
padha wadana tuhu yen becik  
nguni andarbeni  
punagining kalbu.

19. Pan kinudang ginadhing ing nguni  
yen Jeng Gusti rawoh  
aneng Nagri Bojanegarane  
sinaosken marang Kangjeng Gusti  
nulya sowan aglis  
sumusul ing prau.

20. Saprapane ngarsanireng Gusti  
manambah turnya Ion  
pan wus katur kabeh sakajade  
pan katrima ing aturireki  
nambah mundur aglis  
kuda nulya katur.

21. Demang dhestrik kang kinen angirit  
wau kuda karo  
Mas Ngabehi Kramadiwiryane  
saprapane ngarsanireng Gusti  
manambah turnya ris  
Gusti welingipun.

22. Abdidalem Raden Adipati  
sanget wantos-wantos  
sampun ngantya ginanjar dasihe  
yen kongsi paduka ganjar Gusti  
sasat tan ngluwari  
dhateng nadaripun.

23. Sanadyan kathah utawi kedhik  
ing sayekti mopo  
mung punika Gusti ing welinge  
Kangjeng Gusti angandika aris  
banget trimakasih  
tutura lurahmu.

24. Nulya dhestrik kang ginanjar aglis  
busana di kaot  
nulya mundur sing arsa ge-age  
duk semana wau Kangjeng Gusti  
laminya neng Nagri  
Bojanegareku.
25. Pan akathah para demang dhestrik  
kang sami sumaos  
atur-aturira sawetune  
ing wismane lawan iwak kali  
samy den ganjari  
busana sadarum.
26. Tuwin santana ing Madureki  
kathah kang sumaos  
kalawan ingkang wangsul badhene  
samy ujung marang Kangjeng Gusti  
kathah yen winarni  
gantya kang winuwus.
27. Inkang lagya amemangun kapti  
Sultan ngandika Ion  
sira Patih sapungkurku kowe  
matura mring anakmas Dipati  
anak-anak sami  
ingkang padha banjur.
28. Marang ing Surakarta Nagari  
titip'na ing kono  
barang laku myang tatakramane  
jer Madura kurang tatakrami  
marmane apatih  
den becik aturmu.
29. Kapindhone wong ing Madureki  
aywana beg rusoh  
aneng marga lawan sapraptane  
aneng Surakarta poma patih  
den abanget mardi  
ywana ngugung kayun.

30. Lamun ana kang suwaleng kapti  
lan liyeng bangsengong  
nadyan kongsi ginitik pamine  
aywa ana padha anglawani  
sapa kumawani  
ukumen den gupuh.

31. Matur sandika Rahadyan Patih  
sarwi matur alon  
kasinggihan ing karsa yektine  
sampun ingkang tiyang Madureki  
nadyan tiyang sami Surakarta sinung.

32. Prentah saking putranta Jeng Gusti  
winaleran abot  
duking wonten Madurane  
mring plataran pramantri tan keni  
sanadyan umiring  
sanget waleripun.

33. Kangjeng Sultan myarsa turing patih  
nulya ngandika Ion  
iyatalah tan nyana tan jimpe  
nakmas Dipati alus ing budi  
putus krameng niti  
rumaket mring hayu.

34. Tan apegat tiniti katitik  
pasemon katonton  
dhasar pantes pinarcayeng ing reh  
iya dadi boboding Nagari  
Surakarta Patih  
budi kang kadyeku.

35. Memagas tyas tan anyebit kulit  
wingite mirantos  
tan abenggang marang utamane  
duk semana Jeng Sultan ing galih  
enget putra putri  
memutung jejantung.

36. Denirarsa megat tingaling sih  
risang anglir sinom  
nulya malbeng ing pakuwon age  
denirarsa manggihi sang putri  
Sultan ngandika ris  
alus ngelus-elus.
37. Adhuh angger putraningsun nini  
babo wekasingong  
den bisaa suwiteng nak angger  
iya marang Kangjeng Sribupati  
ing Surakarteki  
pan ratu linuhung.
38. Nora kena yen ngandelna nini  
lamun putraningong  
ing Madura luhurira kabeh  
nguni abdi pra srinarapati  
iku den pakeling  
nini putraningsun.
39. Pindhone yen ngandelna sireki  
kinadang sang katong  
kang kaping tri ja rumangsa kowe  
lamun sira ginarwa nerpati  
kang mangkana nini  
temah dadi luput.
40. Basa luput kekembang prihatin  
ngrusak karahayon  
agegering mring cipta eninge  
barang cipta lamun buthek nini  
yekti tanpa dadi  
siniku Hyang Agung.
41. Kaping pate mring marumu nini  
aywa beg memaron  
rumangsaa yen kinadang anem  
jer rika kadang nerpati yekti  
dhasar duk suwargi  
kekudanganipun.

42. Iya lamun ginarweng nerpati  
pinasthi tan menggok  
den abisa sumusupa angger  
anganggoa rehning anom nini  
iku den pakeling  
de ping limanipun.

43. Ywa pegat sira aminta sih  
kang mrih karahayon  
ya marang bokayumu angger  
Bok Ratu Pembayun poma nini  
den mituhu yekti  
ing satuduhipun

44. Lamun ana pakewuhing kapti  
ing pangreh tan kamot  
mintaa mring kadangira angger  
anakmas Pangran Dipati  
Kusumayudeki  
peresen den atus.

45. Nora wurung besuk sira nini  
sun titipken kono  
kuneng kang lagya mangun krayone  
duk semana sampun gagad enjing  
kasaru swaraning  
wadya matah laku.

46. Wus samekta sagunge ing dasih  
neng ngarsa cumadhong  
Kangjeng Sultan munggeng pandhapandher  
Kangjeng Pangran Dipati wus prapti  
Sultan ngancarani  
ngriki nak alungguh.

47. Kangjeng Gusti pan tanggap ing liring  
kang joli sumaos  
sang lir retna wus manjing joline  
nulya budhal tan winarneng marga  
ing palwa wus prapti  
kang joli wus gathuk.

48. Lawan lawang kamar ponang joli  
rinapet kinrobong  
sang retna manjing palwa kamare  
joli mijil semana Jeng Gusti  
astanya pinidih  
mring Jeng Sultan sepuh.

49. Sarwi sinung wewangsit winerit  
raosing tyas bodhol  
mring Jeng Gusti kabeh tan kabrejel  
sarwi waspa Jeng Sultan dres mijil  
sanadyan Jeng Gusti  
waspanya marentul.

50. Wusnya putus sagunging weweling  
linuwar asta Ion  
nulya mriyem tengara budhale  
gumaludhug gumleger geteri  
gamelan nampani  
gong pating carengkung.

51. Obah sagung palwa amiranti  
kang panganjur bodhol  
umbul-umbul ingulur koncere  
kethap-kethap pethit ngilat thathit  
nabet maruta ris  
lir marus tumurun.

52. Kalebeting kekoncer nibani  
iramaning kenong  
panjeriting teledhek ngelike  
amuwuhi asrining lumaris  
pambelah ting brekik  
nginguk anguk-anguk.

53. Sagunging Kang Palwa lumaris  
tan ana liru gon  
sangking tata-titine ing pangreh  
mriyem kurmat budhale sang putri  
lir gelap sakethi  
gantya kang winuwus.

54. Ingkang tansah amemangun kapti  
ing tyas amemedhot  
dangu dennya amawas palwane  
mring kang putra nenggih sang aputri  
kinipat tan keni  
memutung jejantung.

55. Ing wusana jejering utami  
nenggih kang ginayoh  
tinrusake ing lokil-makpule  
pinasrahken mring kang murweng urip  
tinugur ing puji  
pinayu rahayu.

56. Sampun tatas kang amrih patitis  
tetesing patemon  
sigra budhal marang Madurane  
kurmat mriyem swarane lir kadi  
megat-megat galih  
tresnane kapungkur.

### XIII. PUPUH PANGKUR.

1. Datan kawarna ing marga  
kuneng ingkang wangsul mring Madureki  
gantya wau kang winuwus  
palwanya sang retina  
sampun lepas sagunging palwa sadarum  
samana Pangran Dipatya  
ingkang pinarcayeng maring.

2. Mring Jeng Sultan ing Madura  
apan kagagas raosing galih  
rumesep marang jejantung  
ing tyas manggung angraras  
rahayune sagung weweling sadarum  
sinambi rahayunira  
sagunging palwa lumaris.

3. Kacatur ing lerebira  
kawan ratri wonten Bojanegari  
nulya lereb dhusun Trutup  
enjinge nulya budhal  
tan winarna nenggih wau lampahipun  
rinacak gancare serat  
mung pilih kang memanis.

4. Ywa kongsi nglewer ing kandha  
Kangjeng Gusti ing lerebipun malih  
nenggih wonten Ngrao dhusun  
bawah Bojanegara  
nulya lereb ing Panolan raning dhusun  
nenggih bawah ing Balora  
dhusun Ngelo lereb malih.

5. Pan maksih bawah Balora  
nulya lereb Sugiyan bawah Ngawi  
duk semana pan cinatur  
Jeng Gusti nalikanya  
lamun dalu tan pegat pamirsanipun  
panewu mantri kliwonnya  
kang akemit sang aputri.

6. Tan mawi sare ratrinya  
anganglangi sagunging dasih-dasih  
anyamari tindakipun  
kang nendra ginugahan  
lawan lamun wonten bebantaran kedhung  
ngrumiyini aneng ngarsa  
mring dharatan ngrakit-ngrakit

7. Marma ing titihanira  
palwa alit ing karsa mrih terampil  
ing nalika dharatipun  
nalasak wanapringga  
jurang singgrong pereng-pereng siluk-siluk  
ngupaya rakiting papan  
ing panarik mrih basuki.

8. Sagunging kang dhestrik demang  
lawan palang kapala myangpatinggi  
miwah wong ing Madureku  
nadyan wong Surakarta  
pandulune ing tyas sami ngungun-ngungun  
tan nyana lamun mangkana  
kaprayitnane Jeng Gusti.

9. Wekasan kang dhestrik demang  
ting karangsang angrangsang-ngrangsang kardi  
ana giring rowangipun  
kang tlendho ginebugan  
jethat-jethot nenggih sarwi nguwus-uwus  
tan layak wong iki baya  
tan dulu Gustinireki.

10. Kang ginebug kalesetan  
dhekem ngukruk pan sarwi brebes mili  
Jeng Gustiwelas andulu  
sasmita marang wadya  
wong ginebug ginanjar usada ampuh  
arupa rupiyah pethak  
jenggirat cakut ing kardi.

11. Jejer Gusti duk semana  
arsa narik mring palwanya sang putri  
sigegen ingkang cinatur  
mangsuli ing carita  
nulya budhal ing Ngawi Jeng Gusti rawuh  
kinormatan ngering-nganan  
gamelan tepining kali.

12. Utawining pasanggrahan  
Dyan Dipati Kertanegara Ngawi  
lan Residhen ing Madiun  
Asisten ing Ngawinya  
samy methuk nginggiling benawi tempur  
wus panggih wau kalawan  
Jeng Gusti Pangran Dipati.

13. Nulya ingaturan marang  
kantor lawan Pangeran Madureki  
miwah kang para tumenggung  
Asisten ing Madura  
sampun pepak neng kantor sami anginum  
sang retna maksih neng palwa  
samana Asisten Ngawi.

14. Agunem yogyaning tingkah  
lawan tuwan Asisten Madureki  
lan Residhen ing Madiun  
dene kang dadya rembag  
sang lir retna pinrih prayogenipun  
upama ingaturana  
tumedhak marang ing loji.

15. Yen ta nora ngaturana  
yekti kurang kurmate mring sang aji  
lamun ingaturana mangsuk  
sayekti jrih ngong lintang  
dadya kewran sagunging kang ponang rembug  
tan ana pikir kang dadya  
duk semana Kangjeng Gusti.

16. Aminggu datan ngandika  
nanging sampun waspadeng ing penggalih  
sinawang asru sinerung  
tan kenging yen sinerang  
pepet rapet nanging kukusing kumelun  
Residhen tyas tansah kewran  
wusana sagunging pikir.

17. Pan pinasrahaken marang  
Kangjeng Gusti andikanira aris  
sang lir retna datan sinung  
ywa sira melang ing tyas  
duk miyarsa Residhen nir melangipun  
dene Kangjeng Gusti arsa  
amengku melanging ati.

18. Wus putus ingkang rinembag  
nulya bubar makuwon palwa sami  
neng palwa datan winuwus  
dalunya abujana  
aneng kantor agung ing pakurmatipun  
nanging sagunging kurmatan  
cinendhak kandhaning tulis.

19. Semana kang abujana  
nulya bubar makuwon palwa malih  
wonten anyelani catur  
sagunging dhestrik demang  
ingkang samya anjagi karya duk dangu  
agung ing pikurmatira  
nenggih marang Kangjeng Gusti.

20. Ana kang atur maesa  
bebek wedhus areng kayu lan pitik  
lawan ing saananipun  
wetune wismanira  
jambu jambe gedhang suruh lawan jeruk  
tan pegat samarga-marga  
dene pikurmate sami.

21. Pan dudu suguh parentah  
iya sangking kurmatnya pribadi  
Jeng Gusti tuhu pinutus  
patitis ing pratingkah  
dhistrik demang samya kakenan tyasipun  
ana dhereken marga  
lir klayu mring Kangjeng Gusti.

22. Lumangkah saking sabawah  
prapta Ngawi sinuwuk denny bali  
cinatur ing naminipun  
Mas Behi Kramawirya  
nenggih dhistrik Padhangan ingkang palungguh  
lan malih dhistrik Panolan  
Kramadimeja Mas Behi.

23. Ketiga dhistrik Balora  
Mas Behi Martawirya wewangi  
sakawan Patih pangayun  
kitha Bojanegara  
Mas Behi Wiranagara jejuluk  
sakawan asimpen waspa  
neng ngarsane Kangjeng Gusti.

24. Sedalu jegreg kewala  
piningan lorodan kinen bukti  
lan para putra sadarum  
lawan para santana  
datan ana kang mangan pijer rawat luh  
sega anyengkal neng dhadha  
asepa rahsaning nangsi.

25. Tan genah wetuning waspa  
nora nana kang duwe atur sami  
Jeng Gusti waspadeng kalbu  
katut kagagas-gagas  
ngeresing tyas lir mutung-mutung jejantung  
tan puguh madaling karsa  
nulya tedhak palwa alit.

26. Sekawan konjem pratala  
ing wasana Patih Bojanegari  
saking cuwaning ing kalbu  
anak pembayun lanang  
ingaturken manakawan sampun katur  
awayah jumaka-kala  
wus katampan marang Gusti.

27. Semana Pangran Dipatya  
kapat sampun ginanjar busana adi  
pan sanadyan duking dangu  
tan pegat ing samarga  
dennya nyebar busana kang adi luhung  
panglawe bekel kepala  
kang kapracayeng ing kardi.

28. Inggih samya ginanjaran  
nulya samya ujung sekawan Dhestrik  
semana wus bangun esuk  
Jeng Gusti nulya tedhak  
marang kantor wus pamit Residhen Madiun  
mariyem tengara munya  
pan budhale sang aputri.

29. Tuwan Risdhen dhek semana  
sampun putus sagunging kang weweling  
Jeng Gusti abudhal gupuh  
tan winarna ing marga  
prapteng Ngale ing kono lereb sedalu  
enjinge anulya budhal  
dhusun Sembung den lerebi.

30. Pan maksih ing Ngawi bawah  
nulya lereb ing Pelang pan salatri  
bawah Jagaraga iku  
enjinge malih budhal  
duk semana datan winarna ing nggnu  
ing Jagaraga wus prapta  
Isnen ping pat amarengi.

31. Enggar sagunging kang wadya  
sasat prapta ing Surakarta Nagri  
dhasar siyang praptanipun  
sarta samya amulat  
santanendra wau ta kang lagya methuk  
Jeng Pangran Riya Mataram  
kang kondur dharatan nguni.

32. Anitih kreta pos-posan  
lan kang garwa Ratu Pembayun nguni  
samangke tumut amethuk  
Badhanten pisahira  
karya ebat sagunge mulat sadarum  
saweneh ana angucap  
anglir mabur ing wiyati.

33. Cinatur kang para putra  
kang andherek methuk ing Jagaragi  
sekawan wewangenipun  
Radyan Mas Riyaatmaja  
Dyan Mas Panji Riyadiningrat puniku  
Radyan Mas Riya Kusuma  
Dyan Mas Girman lan kang rayi.

34. Dyan Riya Suryawinata  
lan Dyan Riya Natadilaga nenggih  
samya nunggil saperahu  
sekoci titihannya  
ingkang sangking Madura samya tyasipun  
sasat mulat garwa-putra  
adhem marem ing tyas sami.

35. Pan amung Pangran Dipatya  
pan ing karsa yekti maksih piningit  
nulya bujana aninum  
aneng ing pasanggrahan  
pra pangeran Madura pepak sadarum  
Jeng Pangran Riya Mataram  
lan Asisten Madureki.

36. Kalayan Patih Madura  
Dyan Pati Somadiningrat tuwin  
Bupati Surakarteku  
Riya Purwadiningrat  
Dyan Mas Riya Sasranegara tan kantun  
Dipati ing Jagaraga  
agung pakurmatireki.

37. Pan samya asukan-sukan  
dene samya marga kang werit-werit  
wus kathah ingkang kapungkur  
ilang sumelanging tyas  
mung Jeng Gusti piningit sukaning kalbu  
tan pegat pamintaning Hyang  
rahayune kang lumaris.

38. Wus bubar ingkang bujana  
makuwon palwanira pribadi  
nanging Patih Madureku  
lan Pangeran Madura  
samya dherek marang Jeng Gusti sadarum  
sapraptanira ing palwa  
Somadiningrat turnya ris.

39. Ngerpepeh sarwi mangrepa  
ngasih-asih ngaturaken kang weweling  
ramanta Sultan wlingipun  
rinta Pangeran Madura  
lepat leres pasrah paduka sadarum  
benjang wOnten Surakarta  
wus percaya lahir-batin.

40. Pan kathah yen cinatura  
ingkang lagya miluta marang Gusti  
sinigeg kang lagya matur  
kasaru praptanira  
serat dalem Surakarta sang aprabu  
kang serat sampun tinampan  
binuka sinoming tulis.

#### XIV. PUPUH SINOM.

1. Penget serat salam ingwang  
Jeng Susuhunan Senapati  
Pakubuwana ping sapta  
Alaga Abdurahman  
Sayidin Natagami  
kang ambeg mulya linuhung  
ngadhaton Surakarta  
Adiningrat kang darbeni  
lan talatah sagunging Nungsa Jawa.
2. Kang sayogya dhumawuha  
mring kangmas Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda  
kang ambeg tuhu ing kardi  
samengko ingkang lagi  
nglakoni ayahaningsun  
mring Nagri ing Madura  
samengko wus aneng margi  
wiyosing srat paduka akintun serat.
3. Kula sampun anupiksa  
dene bebukaning tulis  
paduka atur uninga  
lamun sampun wonten margi  
wonten Bojanegari  
kang sarta rahayunipun  
sagunging wadya-wadya  
kang punika mugi-mugi  
tinulusna mring Allah kang mahamulyo.

4. Inggang sarta kangmas kula  
mring paduka angsung uning  
saguning putra risamya  
kang kantun wonten nagari  
tan wonten wiji-wiji  
sadaya samya rahayu  
sangking ing parmaning Hyang  
sanadyan kang para dasih  
inggih samya sadaya manggih rahaija.

5. Titi tamat ingkang serat  
duk semana Kangjeng Gusti  
miyarsa raosing serat  
ring tyas lir siniram warih  
lan wonten serat malih  
saking kang raka puniku  
Kangjeng Gusti Pangeran  
Adipati Angabehi  
lawan saking Anindra Sasradiningrat.

6. Kang serat anunggal rasa  
Jeng Gusti Pangran Dipati  
tan pegat samarga-marga  
atur serat mring sang aji  
sarta kang raka tuwin  
mantri-mukya datan kantun  
pan lagya ing samangkya  
pinaring wangsulun aji  
lir saengga agring manggih usaha.

7. Semana para Pangeran  
ing Madura lawan Patih  
pan wus samya abubaran  
makuwon palwane sami  
tan winarna ing ratri  
enjinge mriyem gumludhug  
tengara lamun budhal  
datan winarna ing margi  
nenggih dhusun Kedhungbulu linereban.

8. Tanah tumut Skawatya  
enjingira budhal aglis  
datan winarna ing marga  
gantya kang winuwus malih  
kang lagya ngrakit-rakit  
nayaka kalih kang methuk  
Dyan Menggung Mangkuyuda  
puniku Wedana-bumi  
lawan Radyan Tumenggung Kartadipura.

9. Gedhing-kiwa kang palenggah  
desa Ngamban denny ngrakit  
Radyan Menggung Mangkuyuda  
ing Tampungan den enggoni  
kana pangrakit neki  
dene ing pamatahipun  
pan mawi wewatesan  
tanpa-serene ing kardi  
duk semana wus samya saeka karya.

10. Sakmantri panewonira  
kepala-gunung ngabehi  
panatus lan demang-demang  
bekel sikep amiranti  
aneng tepining kali  
pan samya angayun-ayun  
lan karya pasanggrahan  
rineka-reka rinakit  
pinalengkung rinengga ing sesekaran.

11. Kathah lamun winursita  
kang lagya memangun kardi  
cinendhak kandhaning serat  
samana palwa kaeksi  
enggar sagunging dasih  
nulya samya narik gupuh  
nadyan kepala demang  
sagunge panewu mantri  
kumaroyok anarik mring Rajamala.

12. Jeng Gusti aneng ing ngarsa  
sagung pasanggrahan sami  
tan ana kang kinendelan  
sesaosan tanpa kardi  
nadyan sagunging dasih  
tan ana ingkang sumengguh  
kathah yen winursita  
sagunge saosan sami  
duk semana desa Sendhen linereban.

13. Enjinge anulya budhal  
warnanen kang aneng margi  
ana sasmitaning suksma  
Jeng Gusti raosing galih  
gingsir lan wingi uni  
kumitir akepyur-kepyur  
nulya nudikeng nala  
kadiparan ing tyas mami  
dene beda ya lawan ing saban-saban.

14. Apa bayata ya ana  
pangkalan agung kang prapti  
yèn uga pangkalan marga  
iya ing watara mami  
adoh sangkaning bilahi  
kang werit-werit kapungkur  
paranbaya ing omah  
iya katekan prihatin  
pan mangkana Jeng Gusti pangunandika.

15. Nulya wonten kang katingal  
dutane srinarapati  
kang sarya mundhi kintaka  
sumedhot raosing galih  
anulya masang ngelmi  
maknawi diyapatipun  
duta nulya katingal  
kalamun gawa prihatin  
Kangjeng Gusti nulya sarira marlupa.

16. Duta wus prapteng ing ngarsa  
serat wus katur Jeng Gusti  
binuka sinuksmeng driya  
dene bebukaning tulis  
nenggih paring pepuji  
ing lampah rahayonipun  
sarta paring wuninga  
kelamun kang mantu pun Tri.  
pan ing mangke ing jangji sampun tumeka.

17. Atilar sangking ing donya  
mantuk mring rahmatolahi  
ajaman mring kelanggengan  
duk semana Kangjeng Gusti  
tan tutug anupeksi  
jejantung anglir pinutung  
dangu mirengu ing tyas  
wusana pinikir takdir  
sarta jejer-jejere ing kasatriyan.

18. Sarta pangrapu arindra  
dening rum-arum memanis  
sartenget lamun tinitah  
ing urip wekasan pati  
pati ingkang patitis  
tetese sampurneng dunung  
tumekaning kasidan  
muga Hyang kang mahasuci  
aganjara marga padhang kasampurnan.

19. Ing tyas eklas wus karantas  
sampurna raosing galih  
duk semana nulya prapta  
desa Candhi Kangjeng Gusti  
kana lereb salatri  
karya serat angsul-angsul  
katur mring srinarendra  
kapindhone atur uning  
yen ri Setu ping sapta prapteng Kenthingan.

20. Ananging kendel kewala  
ing kana saguning dasih  
yen ta datan katimbangan  
mangkana raosing tulis  
duta wus lumastari  
Jeng Gusti budhalan gupuh  
sangking ing Candhi desa  
dene dalonipun malih  
desa Kanten punika kang linereban.

21. Enjingira nulya budhal  
kuneng kang lagya lumaris  
warnanen duta kang prapta  
serat katur sribupati  
lawan rekyana patih  
ingkang raka datan kantung  
Kangjeng Gusti Pangeran  
Adipati Angabehi  
wus tinampan binuka sinuksmeng driya.

22. Wus putus surasaning srat  
samana nulya miranti  
bupati para pangeran  
kang badhe mapak ing margi  
ana tan sranteng budi  
age-age denny methuk  
langkah saking parentah  
kasusu enggala panggih  
mring kang sangking nenggih Nagri ing Madura.

23. Mapag palwa gawa gangsa  
sarta taledhek tan kari  
pan kathah warnanira  
kang samya mapag ing margi  
semana wus apanggih  
lan kang sangking Madureku  
langkung pirenaning tyas  
sukan-sukan neng palweki  
ing pawarta dene nyata manisira.

## XV. PUPUH DHANDHANGGULA.

1. Tuhu kathah yen winarneng gendhing  
ingkang lagya memangun suka  
neng palwa turut margane  
kang methuk lan pinethuk  
kadya agring manggih usadi  
nging cinendhaking kandha  
semana wus rawuh  
Kenthingan jam wolu enjang  
sek supenuh palwa satepining kali  
pernah pinatah-patah.

2. Umbul-umbull daludag kekitir  
pan bineber kekencer nglancar  
sinabet ing marutane  
ngobar-abir ngenguwung  
maliweran angilat thathit  
neneja diwangkara  
gong pating carengkung  
saengga anabuhana  
kalebete kekoncer dene nibani  
iramaning gamelan.

3. Panjeriting taledhek angelik  
pamane rara-sunthi karuna  
alantik-lantik swarane  
pan lamat-lamat arum  
amuwuhi asrining warih  
samana jro nagara  
obah lir kinebur  
gung-alit jalu-wanodya  
urun suka rahayune kang lumaris  
kang manggung aneng toya.

4. Pan kacatur saari saratri  
dennya kendel wonten ing Kenthingan  
ngentosi timbalan rajeng  
praputra ri lumintu  
datan kendhat ing siyang-latri  
sumusul marang palwa  
tan mawi keprabun  
saking sanget onengira  
lan kang saking Madura sukane ngenting  
aneng sajroning palwa.

5. Lunga-teka kang sung wijayanti  
urun suka rahayuning lampah  
kulawarga sedayane  
sinambi boja-nginum  
suprandene Pangran Dipati  
ring tyas tansah pinapas  
pinepes ing kayun  
de durung prapta dharatan  
mila maksih ngudi rahayuning kapti  
tan arsayan nginuma.

6. Nadyan duking aneng Madureki  
datan pae nalika neng marga  
mangkana wau karsane  
tan pegat amanungku  
rahayune kang dasih-dasih  
nanging tan tinggal sarat  
sawetaranipun  
sajatine kang winawas  
wawasing tyas liniling-liling pangliling  
ywa kongsi simpen riya.

7. Ujer kathah duk ing nguni-uni  
para nabi ratu myang pandhita  
uliya pra wali kabeh  
kang asimpen tekabur  
ginantungan marang Hyang Widhi  
nadyan kari sakedhap  
ing pakaryanipun

wekasan aduka-cipta  
kang mangkana aja ingkang jaman mangkin  
yen ora mangkanaa.

8. Yata wau kang winarneng kawi  
apan lagya minta trusing karsa  
gantya kang ingucap mangke  
rabine kang wadya gung  
anom-tuwa kang samya prapti  
kathah pratingkahira  
dennya amisungsung  
sumusul marang ing palwa  
sasukane nguni samya pineranti  
wedang teh lawan madat.

9. Jeruk jambu pijetan kuweni  
pelem pakel manggis lan semangka  
ana tilik kirim bae  
jer adoh lan kedhatun  
tiga-tengah pai lawan puri  
ana kang nyangking wedang  
gendhong sekul wakul  
ulame ayam pinanggung  
ana maning nanging wus lungse ing sari  
rambut maletuk pethak.

10. Kang alanang sumedhening jalmi  
dadi mantri sembada ing wanda  
nging kuciwa kemantrene  
mencul moncol apunjul  
jajah tingkah kang datan yukti  
marmane rabi tuwa  
kamantren meh jabut  
nini tuwa duk miyarsa  
lamun Kangjeng Gusti ing Kenthingan prapti  
gugup lulur salira.

11. Mring pakiwan banyon kang cinangking  
sarwi nyendhal dalima neng ngepang  
lulur sinambi sisike  
tur untu kari telu

gowal-gawil iku meh gigil  
jrat-jrit jaluk kaca  
maring rowangipun  
nulya ingaterken kaca  
rowangipun tinapuk sarwi abengis  
dumeh pupur tan gawa.

12. Ingaranan tan weruh ing wangsit  
tan niteni adating kang adat  
pijer adol ayu dhewe  
tuli tan kulak ngrungu  
lamun bakal mas behi prapti  
kathah lamun winarna  
rabine wadya gung  
semana Pangran Madura  
pinaringan suguh maring ing jro puri  
tan ana kekurangan.

13. Nulya Kangjeng Pangeran Dipati  
Angabehi tedhak mring Kenthingan  
dhawuhken timbalan rajeng  
kang rayi methuk gupuh  
munggeng katir angungkret wentis  
nyerpepeh anglir sata  
pinaran ing kakung  
nulya samya apinarak  
dhawahaken timbalanira nerpati  
kalamun benjang enjing.

14. Tinimbalan manjing ing nagari  
ing Jurug mentasireng dharatan  
kono pamapagan gedhe  
dhawuhdalem wus putus  
nulaya samya manggihi maring  
Pangeran ing Madura  
lan Asistenipun  
sawusira apepanggya  
sinung wikan kalamun dipun timbali  
marang Srinaranta.

15. Sawusira gennyanya paring uning  
nulya samya bubar sowang-sowang  
tan winarna ing dalune  
sagung ingkang wadya gung  
ingkang badhe mapak sang putri  
semana gagad enjang  
lun-alun supenuh  
wadya dharat kang kapalan  
ber belabar wus samya saengga kardi  
tan ana liru papan.

16. Abdidalem gandhek neng sitinggil  
lan ketanggung kaparak-kanoman  
priyataka pepak andher  
mandhungan sreg supenuh  
abdidalem panandhon ngrakit  
sakawan joli ingkang  
kinarya amethuk  
panewu mantri bupati  
srimanganti inggih sami amiranti  
cecadhang ing parentah.

17. Mantri-jaba sapanekar neki  
ngrakit jajaran aneng marga  
lelayu umbul-umbule  
lawan tumenggung-gunung  
pan kerigan samya jajari  
satengah pai gamelan  
sarta umbul-umbul  
payung agung pinanjeran  
duk semana saguning kang para dasih  
amenganggo pameran.

18. Geganjaran saking sribupati  
ingkang abang samyanunggal abang  
kang ijo samya ijone  
kang wungu samya wungu  
bebed iket sinami-sami  
satus prajurit Carangan  
wau tindhihipun

Dyan Mayor Padmawinata  
Kapitannya Haijapranata wasteki  
tuwin Kartawitarya.

19. Kang sumundhul wau Dyan Mas Panji  
Sumatmaja Dyan Mas Natatmaja  
pamungkas Jayatmajane  
Kopral bekel tan wuwus  
mayor kapten obsir kawilis  
sikep pedhang larakan  
kotang rendan murub  
iketnya samya jeplakan  
kang prajurit Dorapati kang nambungi  
dharat sikep talempak.

20. Satus bedhol tindhih mayor siji  
Rahaden Slayor Wignyawinata  
ginanjar songkok ingange  
rinenda ing mas murub  
yen sinawang saengga kadi  
putra ing Darawatya  
nging gujenganipun  
pan akathah yen winarna  
abdidalem kang samya sanega kardi  
wus sinung prentah budhal.

21. Joli kalih kang tinilar loji  
pan kinarya agan Iya kewala  
jerjoli pameran gedhe  
rinengga prada murub  
kanan-kering korine joli  
jinaga Nagaraja  
ing pepethanipun  
kang kalih ingkang ginawa  
marang Jurug samana para bopati  
lawan para pangeran.

22. Wus rawuh neng pesanggrahan sami  
abelabar sagung wadya-wadya  
ngelebi ra-ara amber  
gantya ingkang winuwus

ingkang lagya bidhalan sangking  
Kenthingan ting karencang  
praptane palwa gung  
binarung toya gung prapta  
kewerane Rajamala wus katarik  
ing Jurug sampun prapta.

23. Prabupati lan panewu mantri  
samyana narik mring Ki Rajamala  
kumroyok arebut enggen  
tepine kang toya gung  
aliweran angilat thathit  
kapraban pra pangeran  
busana bra murub  
sembada pinatik retna  
ting galebyar lir kilat siring lan thathit  
kucem ingkang baskara.

24. Tan winarna sagunging palweki  
duk semana Kyai Rajamala  
wus prapta neng sabrang kilen  
ponang joli wus maju  
rapet kyareng Rajamaleki  
sagunging pra pangeran  
mire urmatipun  
tuwin Jeng Pangran Dipatya  
Angabehi taksih tumuntur mring ari  
Pangran Kusumayuda.

25. Maksih bikut aneng ing palweki  
amiranti amrih tan katingal  
sang retna marang joline  
sang retnayu wus mangsuk  
budhal ingkang kinarya wadi  
wadya asalang-tunjang  
rebut papanipun  
barung tambur tanpa runggyan  
Kangjeng Gusti lan joli datan atebih  
respati nganthi prentah.

## XVI. PUPUH KINANTHI.

1. Swarane wadya gumuruh  
rebat papan ajajari  
ing pernah pinatah-patah  
tinata rinakit-rakit  
jajaran klongkangira  
pinesthi pinanci-panci.
2. Tan ana moncol barenjul  
urut manut kang pangarsi  
saguning para pangeran  
nitih kuda aneng ngarsi  
ingayap wadya kulanya  
lir saengga anjajari.
3. Carangan ingkang sumambung  
wahana turangi sami  
sinami busananira  
sarwi pedhange pinusthi  
solahe ganggas agalak  
lir kadya angrusak westhi.
4. Joli kanan-keringipun  
abdidalem Dorapati  
pan sikep talempak ladak  
ulat ladak angajrihi  
tan kena jalma kang perak  
ulap mring kang anjajari.
5. Panglawe mantri panajung  
samy dharat anjajari  
basahan bajo sikepan  
sengkelat ganjaran sami  
abang samya tunggal abang  
kang kuning samya akuning.

6. Ireng dhadhu lawan ungu  
kang biru ijo rinakit  
kaliwon bupati samya  
neng wuri mungging turanggi  
payung tan ana winegar  
kurmat mring kang wau prapti.

7. Ing marga usrek supenuh  
saguning wong kang ningali  
jalu-estri rebut ngarsa  
lir saengga nambak margi  
tan akena yen piniyak  
lir tinetel wong ningali.

8. Kang wisma pinggir marga gung  
sanadyan kang nambut kardi  
gelethak ninggal pakaryan  
malencing tan mawi dhong-dhing  
jagamarga susah ngesah  
yayah denny amengeti.

9. Tepine ingkang marga gung  
lelayu anganan-ngereng  
nanging tan kena tinata  
saguning wong kang ningali  
kumruwuk arebut papan  
mengko Gustiku wus prapti.

10. Rep sirep ingkang kumruwuk  
mung samya pating jerawil  
tan ana swara kang sora  
mung bebisik ting kalesik  
marang ing rowange samya  
mangkana klesiking jalmi.

11. Kadiparaning Gustiku  
dene tan tebih lan joli  
nora nunggal lan kang raka  
neng ngarsa praputra ari  
rowange sumambung sabda  
marmane puniku kayai.

12. Jeng Gusti jer kang ingutus  
mring Nagari Madureki  
minangka wakiling nata  
methuk marang sang aputri  
marmane datan atebah  
kaki tuwa duk miyarsi.
13. Ngungun sarwi manthuk-manthuk  
anebut astapirlahi  
dhikir nyandhak tesbehira  
gedheg-gedheg andheridhil  
mangkana pangucapira  
baya wis karsa Hyang Widhi.
14. Pinesthi duk lokil makpul.  
ing takdir tan kena gingsir  
ing nguni dahuru jaman  
dadi tranggulanging kardi  
minangka ancuring pura  
pepatrining jroning puri.
15. Kekancinge pintu-pintu  
bakuh-bakuh tan akongkih  
tan wegah dening piyangkah  
tan kengis dening memanis  
samengko wis jaman kerta  
suprandene kenth-wiri.
16. Muga Allah kang mahagung  
kang akarya bumi langit  
kang amurba amisesa  
sabarang kalir kumelip  
enggal ganjara Jcamulyan  
mring Gusti kang kenth-wiri.
17. Putra-wayaha ing pungkur  
bisa angirib-iribi  
Jeng Gusti Pangran Dipatya  
kang methuk mring Madureki  
iba ganjarane benjang  
sang nata mring Kangjeng Gusti.

18. Yen winarna kang marga gung  
kathah kalesiking jalmi  
duk samana sang lir retna  
sakedhap kendel ing loji  
tan antara nulya budhal  
salin joli mring jro puri.

19. Sapraptanira kadhatun  
teratak mijil sing joli  
malebeng mring prabayasa  
Jeng Ratu sampun apanggih  
mring tamu kang lagya prapta  
duk semana Sribupati.

20. Siniweng neng padhapa gung  
kang raka lawan para ri  
residhen pangran Mandura  
samy malebeng jro puri  
sang nata nulya tumedhak  
manggihi marang sang putri.

21. Sang putri sawusnya ujung  
sang Nata siniweng jawi  
nulya sang retna amedal  
sangking ing prabayaseki  
pinarnah mring Kapatihan  
pra Pangeran Madureki.

22. Srinarendra wus ngadhatun  
samana Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda lawan  
ing kang para ari sami  
umiring marang sang retna  
Kapatihan sampun prapti.

23. Nulya samya wangsul kondur  
tan winarna kang wus prapti  
ing dalemira priyangga  
mangsuli ing kang winarni  
Kapatihan duk semana  
pinaripurna tulya sri.

24. Wus samya samekta sagung  
rerakitan amiranti  
saguning wong ing Madura  
gung-alit jalu lan estri  
bupati sapatihira  
sawusnya busana sami.

25. Lawan saprajuritipun  
pinernah wonten ing jawi  
neng wismane mantrinira  
prajurit pasowan jawi  
Pangeran Dipati Seca-  
diningrat tunggal sang putri.

26. Lan Ratu Ayu Jeng ibu,  
nira sang putri lan malih  
ing arinta Kangjeng Sultan  
Ratu Sadayu Dipati  
Suradiningrat pan nunggal  
dalem gedhe lan sang putri.

27. Dene Pangran Madureku  
kang kalih namanireki  
Sasradiningrat Pangeran  
Atmajadiningrat nenggih  
putra sangking ratu samya  
wismane putra den nggoni.

28. Kyana patih wangenipun  
Sumadiningrat dipati  
Jayadiningrat Bupatiya  
para riya tan winarni  
lawan kehe kang prawadya  
duk semana prabupati.

29. Surakarta samya tugur  
lawan tumenggung pawestri  
nenggih marang Kapatihan  
cinatur praptaning nagri  
Surakarta ing ri Akad  
tridasa Dulkidah warsi.

30. Jimakir ing taunipun  
sinengkalan Sang Aputri  
Katon Obahing Sabdendra  
tuhu yen musthikeng bumi  
pantes mengku jroning pura  
tan pae lawan kang dhangin.

31. Samana sagung wadya gung  
Surakarta amiranti  
ri Senen rolikur tanggal  
Sekaten duk wiwit muni  
alun-alun pekajangan  
sagunge bupati mantri.

32. Lan sagung tumenggung-gunung  
kerigan malbeng mring nagri  
pakajangan pangurakan  
ana alun-alun sami  
sukan-sukan sasukanya  
sagunge bupati mantri.

33. Nutug ing sasukanipun  
tan wonten sangsayeng kapti  
dadya asrining nagara  
alun-alun siyang ratri  
tan ana antaranira  
gamelan pating carengkling.

34. Prapatan sinung palengkung  
rinengga kang sari-sari  
linungsiran sekar damar  
sri tinon lir gunung geni  
pinasangan tetuwuhan  
sanadyan kang margi-margi.

35. Tuwuhan sagung marga gung  
damar ting pating parekik  
pinanjer aneng ing marga  
sacengkal longkanging eting  
sanadyan CinaWalanda  
karya pindha wukir geni.

36. Kinarya asrining lurung  
nemlikur tanggal duk wiwit  
jagojigan sajroning pura  
santana putra bupati  
sanadyan mayor obsimya  
samyajagong mring jro puri.
37. Nanging pra obsir supenuh  
palataran dennya linggih  
tan tumut minggah pandhapa  
yen bukti mring Srimenganti  
mangkana rengganing pura  
lir kadya Endralokadi.
38. Teka aliweran mancur  
nguwung-uwung anawengi  
neneja andiwangkara  
ujwala marbaning puri  
ana nrenggana katrangan  
ting panceret ting parelik.
39. Gebyar-gebyar ting galebyur  
sumilak angilat thathit  
manceret mancurat-curat  
sumur ya andiwasani  
sanadyan ing palataran  
yen dalu nyamudra geni
40. Sagunging lilin gung-agung  
pan pinetha-petha sami  
trenggana tibeng bantala  
sakethi bareng nibani  
ana maning kang pinetha  
sawiji katon sakethi.
41. Palengkung pinindha kluwung  
tumaweng baskara atis  
linungsiran damar-damar  
palataran siyang-ratri  
tan ana antaranira  
kapraban dening memanis.

## XVII. PUPUH DHANDHANGGULA.

1. Pitulukur tanggal pra bupati  
jawi lawan samantri kliwonnya  
maringken sasrahan rajeng  
kang minangka pangayun  
nayakestri nimas Dipati  
Sedhahmirah kalawan  
sosoran tumenggung  
Tumenggung Secatunggara  
lan Tumenggung Canama sakanca sami  
marang ing Kapatihan.
2. Lombok terong mas slaka kinardi  
myang suwasa pinetha wohira  
pinatut-patut godhonge  
Kapatihan prapta wus  
binaboja nulya abali  
marang sajroning pura  
samana winuwus  
paningkahireng narendra  
Senen kaping sangalikir amiranti  
sagunge kang wadyandra.
3. Pan supenuh paseban ing jawi  
ber belabar lir samodra bena  
bupati lan samantrine  
kang baris alun-alun  
abdidalem prajurit jawi  
tangpuluh ireng abang  
samy ngalihatus  
kang abaris ing Madhungan  
abdidalem prajurit lebet asisih  
Jengastra Jayataka.

4. Srimanganti Carangan kang baris  
samy a sikep mung pedhang kewala  
tanpa sisih ing barise  
Tamtama barisipun  
palataran sisih lan Miji-  
pinilih sampun pepak  
santana sadarum  
lawan para pinituwa  
tuwan Risdhen lan Pangeran Madureki  
lan Pangran Prangwadana.
5. Sampun malbeng marang ing jro puri  
praniyaka lawan mayor samya  
ing teratak pepak andher  
palataran supenuh  
kliwon mantri malebeng sami  
aneng ing palataran  
mas Pangulu gupuh  
ngandikan sakancanira  
ketib modin ulama kalawan kaji  
kukoma myang pandhita.
6. Samya minggah marang ing pandhapi  
sanggan sampun samekta sadaya  
rep sirep pan rerep kabeh  
sagunge kang wadya gung  
tan ana kang walang ngalisik  
nulya Pangran Dipatya  
Madura tumanduk  
paningkahe srinarendra  
mas Pangulu wus tanpa paningkah aji  
wus putus nulya donga.
7. Bata rubuh wadya samya amin  
pan tinampan ing paseban jaba  
pagelaran amin kabeh  
saengga parbata rug  
bal-ambalan aminireki  
dennya donga wus telas  
mas Pangulu gupuh

medal sakancane samya  
ketig modin abentoyong gegendhongi  
sedhakah sang Nata.

8. Srinarendra nulya nginum aglis  
sakendele musikan gya munya  
wadya tamtama kurmat drel  
Kumbarawa gumludhug  
anauri lir ruing ardi  
Mijipinilih nulya  
nimbang drel gupuh  
sinauran pelayangan  
wus jangkep ping tiga Mandhungan drel malih  
Jengastra Jayantaka.

9. Mriyem playangan ingkang nauri  
wusnya jangkep ngaping tiga  
ing alun-alun nulya drel  
jangkepe ngaping telu  
sinauran ing Kumbarawi  
gumludhug swaranira  
anglir gunung guntur  
monggang misih munya nganggang  
pakajangan gamelan pating carengkling  
mariyem palayangan.

10. Nutugaken kurmatan nerpati  
sawusira mangkana sang Nata  
jengkar ngadhaton sang Rajeng  
sorene kang winuwus  
sagung wadya-wadya miranti  
lurung mring Kapatihan  
jinajar lelayu  
payung agung pinanjeran  
umbul-umbul gamelan samya rinakit  
urut tepining marga.

11. Pinasangan damar sewu sami  
winatara padhange kang marga  
anglir rahina padhange  
ana kang pinalengkung

lir kekuwung teka nawengi  
ngobar-abir kang damar  
anyamodra latu  
pinindha alun lumembak  
ana maning pinetha lir wukir geni  
sumundhul ing awiyat.

12. Wus samekta sagunge kang dasih  
abdidalem prajurit barisnya  
tan prabeda duk enjinge  
mung Carangan kang sinung  
satus awahana turanggi  
neng alun-alun bakal  
panganjuring laku  
santana putra wus pepak  
srinarendra semana wus tinangkil  
aneng tengah pandhapa.

13. Prasantana wus majeng ngarsa ji  
lawan para putra ri sadaya  
para sepuh datan pae  
sang nata nulya nuduh  
mring kang raka Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda  
kang kinen amethuk  
sang retna mring kapatihan  
putra kalih kang kinen samya umiring  
Pangeran Suryabrata.

14. Lan Pangran Sumabrata nenggih  
wusnya putus timbalan narendra  
pangeran katri wus lengser  
sing ngarsanireng prabu  
sapraptane wonten ing jawi  
paseban lir kinocak  
ater kang wadya gung  
panganjure nglampah budhal  
tambur munya barung lan gamelan muni  
ting crengkung urut marga.

15. Kang minangka panganjur lumaris  
wadya samya wahana turangga  
satus amusthi pedhange  
kotang rinendamurub  
gebyar-gebyar pedhang lir thathit  
saruwal sangkelat bang  
lir surya duk mungub  
jeplakan boreyan jenar  
kang sumambung wadya dharat cara Wlandi  
satus sikep senapan.

16. Nulya joli saking Madureki  
kalawan gandhek ketanggung samya  
jinejer kinampuh rejeng  
bajo wilis lan wungu  
kuluk pethak maltuk mantesi  
calana samya pethak  
kang sumambung pungkur  
musikan slomporet Walanda  
roki abang rinenda teka dumeling  
miwah urdenas Landa.

17. Wuri malih sagung pra dipati  
jaba lawan samantri kliwonnya  
samy ireng penganggone  
pra estri kang sumambung  
sesebongan rinejeng sami  
rasukan baludru bang  
asikepan patut  
wedhung samya sinangklitan  
lampahira abayak samya angampil  
pacara ing keratyan.

18. Ing wurine joli kang anitih  
Raden Ayu Adipati Arya  
Kusumayuda kang anem  
joli rinengga patut  
sinung kaca tuhu mantesi  
gebyar-gebyar lir kilat  
ujwala dinulu

tinedheng cindhe puspita  
linungsiran bang kuning ahadhu lan wilis  
dene joli wurinya.

19. Raden Ayu Ageng kang anitih  
joli bakal pamapag sang retina  
abra markata renggane  
pinetha-petha patut  
kanan-kering wurining joli  
jinaga Nagaraja  
pinarada murub  
jenggot ngrempayak agalak  
ting kalepyur lir grimis upase mijil  
ngajrihi yen winulat.

20. Tinedhengan cindhe puspita di  
linungsiran ing sutra diwangga  
bang kuning dhadhu wilisen  
sembada kang amikul  
binusanan sengklat abrit  
talakup sabajonya  
samyang abang murub  
jajarane kering-kanan  
tundha tiga Jagapura lawan Miji-  
pinilih sikep talempak.

21. Mijipinilih selawe sisih  
kampuh rejeng klambi sengklat  
sikepan ireng klambine  
abang linungsir patut  
kuluk ireng saruwal abrit  
Kaparaka Priyantaka  
binajwa bang murub  
kuluke pethak apelak  
sembadane dodod lang-alang kumitir  
towok tameng talempak.

22. Tan apegat iku kang pinusthi  
angajrihi kalamun winulat  
lir nowok kari jeprote  
ing wuri kang sumambung

didalem prajurit sinelir  
satus sikep senapan  
Jengastra punika  
kotang rendan jejeplakan  
boreh kuning saruwal abang lir kadi  
surya mijil akasa.

23. Ujwalaning senapan ngliweri  
gebyar-gebyar ngajrihi winulat  
lir pendah arsa angedrel  
ing wuri kang sumambung  
jajaranya Pangran Dipati  
Arya Kusumayuda  
nitih turangga wus  
janjan jenar ingaranan  
Komasari pangidhepe anglir jalmi  
kuda tanggap sasmita.

24. Sembadane iya kang anitih  
dhasar wasis ing turangga  
wuwuh imbuh pasemone  
angling Yang-Yang dinulu  
tan kuwasa sagung ningali  
lir murca kedhepena  
wingite amuput  
anyelehaken turangga  
tan anganggo lelewa teka samenir  
prasaja terus ing tyas.

25. Marma sagung wong kang ningali  
datan liya mung Pangran Dipatya  
kang tansah pinandeng bae  
estri sanajan kakung  
ting jerawil pating kalesik  
ingame-ame samya  
sagung wong dedulu  
mangkana pamuwusira  
dhasar patut Gustiku sawiji iki  
dadi pamering karya.

26. Nulya ana rowange nauri  
dhasar bener putu uyardika  
datan ana ing salahe  
Jeng Gusti sawiji iku  
trusing budi amresajani  
ing susila tan kurang  
rumaketing hayu  
ambeg darma wani karya  
duk ing nguni mring rama manggung tinuding  
nawu sagunging kraman.

27. Mila kang rama kang sampun swargi  
maringi nama Pangeran Arya  
Kusumayuda wiyose  
jroning jaman dahuru  
ing ayuda kusuma sami  
tanana kang kinudang  
nawu kraman agung  
mung Pangran Kusumayuda  
kang jumeneng dadi kusumaning jurit  
malah ing ari wuntat.

28. Pan pineca ing jalma linuwih  
nawu sagung piala sadaya  
jroning Surakarta tembe  
nanging samengko durung  
ing wektune sayekti benjing  
bengkas datan pinapas  
juti jawal climut  
kaparbawa ambeg aija  
kang sinung wikan asru dennya muji  
enggala kalampahan.

29. Pan akathah yen pinurweng kawi  
kang dadya ela-ela ing wadya  
cinendhat ing caritane  
kang sumambung ing pungkur  
Pangeran Suryabrata tuwin  
Pangeran Sumabrata  
pamungkasing pungkur

katipahan sampun prapta  
sagung wadya jalu-estri amiranti  
para nom samya mapag.

## XVIII. PUPUH SINOM

1. Nyelani ponang carita  
karsanira Kangjeng Gusti  
Jeng Pangran Adipatya  
Arya Kusumayudeki  
winor ing criteng ngarsi  
dadosa pangemut-emut  
kang maos lan kang miyarsa  
srat yasanira Jeng Gusti  
dennya paring wulang marang ingkang putra.
2. Panca siki putra priya  
sad siki kang putra putri  
mantu pulunan sajuga  
Jeng Pangran Sumabrateki  
thole eling den eling  
kelamun sira anakku  
ingsun putreng ywangira  
ping catur Sinuhun swargi  
sira iku thole atmajeng Pangeran
3. Seje lan kangmasmu Pangran  
Sumabrata atmajeng sri  
nggonku suwiteng narendra  
catur panjenengan aji  
abote wong dedasih  
tak rangkep momong siraku  
sukura marang Hyang Widhi  
dene kongsi diingu samono sira.
4. Aywa karem suka-suka  
ywa duwe budi kang drengki  
calak ladak singgahana

panasten aja duweni  
iren aywa mrangguli  
ewan aten obrol umuk  
aja sira klepetan  
kumingsun anggunggung dhiri  
melik malak iku thok singkirana.

5. Jalukan ora wewehan  
iku lelet'neking bumi  
ywa kongsi sira kanggonan  
iku nyuresake wiji  
rehne sireku abdi  
adedasih marang sang prabu  
pirabara leluwang  
sireku marang nagari  
mung tirokna salahbawane sibapa.

6. Kabeh sira iku padha  
suwita mring sribupati  
nglakoni ayahan nata  
maraseba tungguk kemit  
klanthung lan rondha rolis  
repot seba mring lurahmu  
kabeh pakaryeng nata  
di bisa ngenaki ati  
titipena kesedmu aywa kagawa.

7. Kabeh sireku wus padha  
momong di dalem prajurit  
heh Yudawinata sira  
Mayore Mijipinilih  
Sumatmaja sireki  
obsir Carangan lungguhmu  
Jayengtilam Pamadya  
sireku wus dadi upsir  
pan Tamtama tunggal lawan arinira.

8. Kudawangsengsari Den Mas  
Ngangsam pan durung sumiwi  
sih bocah durung kawilang  
cah papat iku wus dadi

di dalem Mayor upsir  
sebab tungguk kemit klanthung  
lumaku neng dedalan  
kapethuk dasih kang nangkil  
rupa-rupa abdinira jroning nagara.

9. Wedana kliwon ketara  
urdenas panewu mantri  
paneket panglawe jajar  
kancamu dhewe prajurit  
yen kapapak ing margi  
wajib aruhana iku  
jaba kang mambu sanak  
tunggal pangengeran yekti  
aja milih kabeh iku kawulendra.

10. Sawangen sawunganira  
tuwa basanana kaki  
samar basaa wa-paman  
yen lamak kakang myang adhi  
den bisa anglakoni  
thole marang pituturku  
yen meksih dingu sira  
urip mring kang mahasuci  
lawas enggal pan ing kono antarnya.

11. Rina-wengi aywa pegat  
anggonira ngesorken dhifi  
nglakonana ing satitah  
apa salumrahe abdi  
pangango solah-muni  
ywa ninggal bobod sireku  
mundhak murungken lampah  
yen ninggal bobod sireki  
ja katinggal kakekmu duga-prayoga.

12. Elinga sira nakingwang  
rumangsaa yen wong cilik  
aywa ngaku santanendra  
iku amurungken kardi

ywa ngandelken sireki  
kalamun sira anakku  
gawea kabecikan  
mring sesamaning aurip  
ala-becik jasamu kana ketara.

13. Thole ngong surupken sira  
Sinuhun Surakarteki  
Pakubuwana ping sapta  
kapernah nom sribupati  
ananging gumantya ji  
sayektine dadi liru  
eyangmu Kangjeng Rama  
yen tumrapa bangsa cilik  
pernah paman sira marang srinarendra.

14. Anggep semaneku aja  
upamane nganggo jarit  
koempreh sedina-dina  
iku bakal melarati  
simpenen diteretip  
ywa nganti ana wong weruh  
iku prabot pameran  
ana mangsane yen mijil  
ngong pujeken rina-wengi kabeh sira.

15. Padha bisa nglakonana  
pituturku mring sireki  
anakku sing pernah tuwa  
dibisa momong sireki  
sing kereng sing patitis  
mulang-muruk mring adhimu  
dene sing anom sira  
eling yen lahir keru  
aywa nganti wani mring kadangmu tuwa.

16. Ya iku gantine bapa  
aja sira wani-wani  
yen wani kandhangan rusak  
sing banget wedinireki  
dibisa anyurupi

marang sadulurmu sepuh  
sing tuwa ngawruhana  
adhimu sing dikaremi  
yen wus mangsa tumuli grujugen ujar.

17. Kokcaturi durung mangsa  
mundhak wani nyanthulani  
mulane den eling padha  
wulang eyangmu dhingin  
Brataputra raneki  
rose mung neng pupuh pangkur  
kabeh padha ambegan  
duga-duga aja kari  
ana m aneh seranane wong ngawula.

18. Siji aja ngombe arak  
lorone aja madati  
ping tri ywa dadi duijana  
ping pat aywa nyidreng resmi  
ping lima ywa gegampil  
kaping.neme aja mlincur  
pitu tekeng paseban  
aja nganti den dhingini  
kaping wolu aja ngrubuhake kanca.

19. Kaping sanga awasena  
solahbawane abdyaji  
gedhe-cilik anom-tuwa  
jaba-jro lan abdi estri  
solahbawane dadi  
sasmitanira Hyang Agung  
ping sepuluh wediya  
lurahmu badaling aji  
ping sawelas aja karem mangan-nendra.

20. Yen krasa ngelih mangana  
turuwa yen krasa arip  
ngaping rolase nakingwang

yen tan duwe sandhang becik  
aywa dhemen nyenyilih  
mundhak tuman ingkang pungkur  
sun tetedha Hyang Suksma  
kapindhone Kangjeng Nabi  
ywana nerak walerku nak-putu wuntat.

21. Ngandika malih Jeng Pangran  
mring kang abdi juru-ngrujid  
wus Kangjeng Rama tutugna  
lakone ayahan iki  
mulane takselani  
wulang-wuruk mring anakku  
mupung sun masih gesang  
kanggoa nak-putu buri  
aywa nganti kurang gambuh wong suwita.

## XIX. PUPUH GAMBUH.

1. Swarane wadya gumuruh  
wus pinarnah samya papanipun  
abdidalem Carangan-jawi neng kori  
wonten sawetaning lurung  
jayata malbeng ing jro.
2. Mangilen ajengipun  
Jayengastra nenggih sisihipun  
sakiduling pandhapa denira baris  
tanjidhur aneng ing tarub  
suwarane kumarompyong.
3. Dene para tumenggung  
sampun minggah lan kaliwonipun  
mring pandhapa Jeng Gusti datan tebih  
lan Pangeran Madureku  
inuman sampun sumaos.
4. Nadyan sagung wadya gung  
wus warata wedang arakipun  
tan ana kang kurangan sagunging dasih  
Jeng Gusti sawusnya nginum  
tan antara nulya bodhol.
5. Swara wadya kumrutug  
barang lan tambur munya dharudhud  
ting carengkung gamelan pating carengkling  
kodhok-ngorek kumaruwuk  
kendhang dhadhug kadya bonjod.
6. Carabalen nang-enung  
swarane kendhang kempyang kumenthung  
barang lawan tanjidhur pating tarincing

ana muni kumarumpyung  
ana maning kumarompyong.

7. Ana swara kumlunthung  
ana maning kang pyang-pyang kumemprung  
kumalinthing sesuling pating salenthit  
lawan jar-jer lan dhur-edhur  
salompret munya sumemprot.

8. Semana lurung-lurung  
pinasangan damar pinalengkung  
lir kekuwung sumundhul  
marang wiyati  
ana maning kang palengkung  
lir wana pawaka kobong.

9. Ana maning palengkung  
kang pinetha anglir gunung murub  
mulat-mulat ting pancurat ngilat-thathit  
luhure anglir sumundhul  
ngawiyat saengga kobong.

10. Ana maning palengkung  
kang kinarya gelas damaripun  
anglir lintang sakethi ngarompol sami  
ana maning kang palengkung  
lir lintang sayuta gogrog.

11. Ana maning palengkung  
kang kinarya obor agung-agung  
mulat-mulat pinindha parbata geni  
luhure kadya sumundhul  
ing ngawiyat padhang abyor.

12. Ana maning palengkung  
kang kinarya lilin agung-agung  
kang pinetha lir samodra geni  
gumulung saengga alun  
karya ebat sagung tumon.

13. Daludak umbul-umbul  
ting kalencar kekoncer mandhuwur

kethap-kethap kumilap angilat thathit  
liweran awor lan kukus  
pethit lir lintang ngalih nggon.

14. Rakit wadya sadarum  
tan prabeda kala angkatipun  
sangking ing jro mung wong ing Madureki  
bantu joli kang rinubung  
kumroyok samya rebut nggon.

15. Wauta lampahipun  
anjujuk loji Ridhunan sadarum  
abdidalem prajurit dhedheg ing margi  
Jeng Gusti sawusnya nginum  
tan antara nulya bodhol.

16: Swareng wadya gumuruh  
muni maning gamelan sadarum  
monggang nganggang swara lir aneng wiyati  
saguning Pangran sadarum  
pagelaran mapag gupoh.

17. Jro pura nulya rawuh  
jinujukken aneng pandhapa gung  
sang retina linenggahken jejer sang aji  
tuwan Risdhen kananipun  
tamtama kurmat drel gupoh.

18. Kumbarawa gumludhug  
anauri tamtama drelipun  
tetimbangan nenggih lan Mujipinilih  
wusnya jangkep ngaping telu  
nulya Mandhungan drel gupoh.

19. Nulya drel ngalun-alun  
saguning kang kurmatan lawan prajurit  
wusnya drel putus sadarum  
sang retina malebeng ing jro.

20. Ing prabayasa sampun  
tan cinatur ing jawi winuwus  
abdidalem prajurit kang kurmat sami

tan antara sang prabu  
kondur mung lukar kaprabon.

21. Wangsul mring pandhapa gung  
ngagem kuluk kanigara muhung  
para nyonyah samya dhangsah sukeng galih  
musikan munya dhar-dhur  
carudhur lir kadya bojot.

22. Srinata lawan sagung  
para tuwan Pangran Dipatiku  
Madura lan Pangran Prangwedana  
sami setoter mainanipun  
inuman ngider tan pedhot.

23. Nutug sukanya sagung  
para nonyah lan tuwan sadarum  
pra Pangeran tan ana kuciweng galih  
tan pegat samya anginum  
langkung sukanireng kono.

24. Wusnya dhangsah sadarum  
sang nata nulya bujana nginum  
wantu-wantu kundhisi angenting  
tan ana kuciweng kalbu  
musikan munya pyang-epyong.

25. Saosan keh warneku  
di-adi ngalam donya sadarum  
pepak datan ana kang kuciweng siji  
sembada lan wadhahipun  
kencana slakadi kaot.

26. Nadyan inumanipun  
warna-warna kang rasadi luhung  
suprandene ginrap lir toya mili  
sanging sukanireng sagung  
kinarya suka kemawon.

27. Wusnya bujana nutug  
nulya jengkar sang nata ngadhatun  
tan winarna kang lagya malebeng puri

cinatur panggih sang prabu  
Besar sangalikir kono.

28. Jimakir taunipun  
dina Isnen de sengkalanipun  
anujoni Guna Rasa Swareng Jalmi  
nulya malem Kemisipun  
pra santana malbeng ing jro.

29. Samya neng pandhapa gung  
sarta karsanira sang prabu  
pra santana myang pulunan ing karsaji  
begsa Mantawis sadarum  
binusanan ing retina byor.

30. Nging tan busaneng gambuh  
mung pitung rambahan begsanipun  
kang rumiyin lawung alit catur siki  
Panji-nem kalih sumambung  
glas-ageng catur gumantos.

31. Panah-ageng sumambung  
kalih siki nulya tameng-bandhung  
catur siki dhadhap-kaneman nambungi  
catur siki kathahipun  
nulya ganti tameng-towok.

32. Putra-santana sampun  
namung kantun tameng-towokipun  
kang kinarya abdidalem Banjar-alit  
kawan kaki dedegipun  
awak mathekel methosol.

33. Busana pan pinatut  
rinampekan kampuh poleng patut  
angedhedher kumitir kunca kekalih  
kesting bang ing sondheripun  
keris Carabalen abyor.

34. Garutan borehipun  
pan saruwal sangkelat bang patut

kinesperan udheng gilig geng sawentis  
nyangklit pedhang lawan kestul  
bregos capang wulu lir dom.

35. Majeng ayunan sampun  
sinendhonan kicat lampahipun  
nulya dhadhap gedhedher kunca kumitir  
ulate jenggileng patut  
nyangking tameng-towok lunggoh.

36. Ing tengah pandhapa gung  
gangsanya munya gendhing Kalaganjur  
nambah jengkeng ngadeg srisik sarwi bekik  
ebat mungkur junjung suku  
nulya noleh bareng lan gong.

37. Nganan-ngering laresmu  
sebat-sebut junjung sikilipun  
nyandhak towok kinarya onclang lir undhi  
legak-legok pancakgulu  
junjung sikil bareng lan gong.

38. Nulya ngalih gyanipun  
sarwi srisik junjung sikilipun  
sarta tameng-towok ingambat kumitir  
bekik seleh sikilipun  
binareng kelawan egong.

39. Gantya panggonanipun  
semprang-semprung onclang towokipun  
nulya kendel ting jinggileng bantheng kanin  
gangsanya lan ricik jinantur  
kang begsa takon-tinakon.

40. Hak-hak wong sapa ranmu  
sarta ngeridi sato pinangkamu  
kang tinanya guyu ngakak anauri  
sanadyan kowe joprelup  
sapa aranira cemplon.

41. Lan ngendi pinangkamu  
kang winales angakak sumaur

teka harda lelepa monon sireki  
sinapa durung sumaur  
teka dadak males takon.

42. Kang inguman gumuyu  
ngakak sarwi sru denya sumaur  
kowe cengdhis parasangga tanpa budi  
wus lumrah wong takon iku  
winales genti tinakon.

43. Kang winales gumuyu  
ngakak sumaur bener sireku  
satuhune sato sisip teka mami  
yen kowe takon katengsun  
Dorasembada raningong.

44. Parangkencana Nagriku  
lelunguhku Bupati-pengaryun  
tau-tate bedhah kutha boyong putri  
mocok jangga satriya gung  
dene kowe sapa cemplon.

45. Lungguh apa sireku  
sarta apa sato pakaryanmu  
kang tinanya sru gumuyu anauri  
Pragota ing araningsun  
Madura Nagaringong.

46. Patih-santana ingsun  
tau-tate pan aku joprelub  
angembari wong sanga sisih pan mami  
kang kadya ing cacakrukmu  
Dorasembada ambekos.

47. Sarwi ngakak sumaur  
heh Pragota apa ya sireku  
wani mringwang Pragota nauri gengis  
sanadyan dhasa sapuluh  
sayekti tan wedi ingong.

48. Heh Pragota sireku  
apa sing kotamakake mringsun

tan apasah tapake palu lan kikir  
sisaning grenda tumimbul  
tan duwe bun-bunan ingong.

49. Lan tan duwe wudel sun  
Patih Pragota ngakak sumaur  
Drasembada ywa bledhag -bledhug sireku  
yan tan pasah dening kestul  
tatowok mengko jumeprot.

50. Yen tan pasah towokku  
silitmu takileni dur-undur  
nora wurung bolmu abang brojol mijil  
Dorasembada semaur  
heh sato tibakna gupuh.

51. Tadhahana joprelub  
nulya samya ngembat towokipun  
melet-melet pucuking towok kumitir  
angajrihi kalhipun  
lir towok arsa badhog wong.

52. Lumepas kalhipun  
lir taksaka cumlorot anaut  
bola-bali ting calorot tanpa kardi  
pra wira ing kalhipun  
katampan asta kemawon.

53. Akendel kalhipun  
miwah gangsa nulya greget-saut  
samyancancut amingkis kunca kekalih  
muntir-muntir brengosipun  
nulya ngantep denya takon.

54. Heh Pragota sireku  
apa temen wani marang ingsun  
tumengaa ngakasa sambata aglis  
ya marang wong tuwamu  
nadyan lanang lawan wadon.

55. Tan wrung gulumu jabut  
pan binadhog marang ing towokku

sru gumuyu'Pragota abelik-belik  
mengkap sikut kalihipun  
mah dhadha mah dhadha babo.

56. Samya guyu-ginuyu  
nulya ngembat towok kalihipun  
pan kumitir nulya gangsa sesek muni  
medal ing pratala gapyuk  
rek-sinerek aprang popor.

57. Ramya pupuh-pinupuh  
luk-piniluk ngadu tosing balung  
lan kencenging otot wuleding kulit  
alanging pupu pinengkuh  
bruk-kinabruk tameng karo.

58. Wal ngakol-akol gapyuk  
reg-sinereg dhak-cinandhak luput  
mungser ider panggonan genti ngenggoni  
towok tinampel tan patuk  
ring tameng kumencrang abyor.

59. Colat-colot sumebut  
rikat anglir kilat kalihipun  
tuhu sura prawira weweka westhi  
ing aparang samya pinutus  
kalihe prawira tanggon.

60. Dangu pupuh-pinupuh  
tanpa karya towok kalihipun  
pan katampel ing tameng tan migunani  
wadana panampelipun  
Pragota kasliring towok.

61. Tibeng bantala kabruk  
kapidhara adangu tan emut  
gangsa lirih Dorasembada sru angling  
babar pisan sida drohun  
binadhog ing towok ingong.

62. Nulya Drasembadeku  
begsa mider ngideri kang ambruk

junjung sikil pan sarwi nging-ilingi  
kalepat ebat mring pungkur  
srisik sarwi ngembat towok.

63. Amaju sirik bekur  
maju-mundur onclang towokipun  
semprang-semprung towoke kinarya undhi  
legak-legok pacakgulu  
junjung sikil bareng lan gong.

64. Kang kapidhara dangu  
kang abegsa tan prayitneng kewuh  
Pragota kasilir samirana nglilir  
kebat denya nyandhak kestul  
kang begsa kinesthul jethot.

65. Denirambrug gumebrug  
andhepani pratala tan emut  
guyu ngakak Pragota pan sarwi angling  
dene tan ngapa joprelub  
dhepani pratla cemplon.

66. Sumbare dene bledug  
lir mutung wesi gligiran drohun  
nulya begsa sarwi dhupak junjung sikil  
asirik abekur-bekur  
onclang towok bareng lan gong.

67. Ngideri mungsuhipun  
semprang-semprung onclang towokipun  
legak-legok pacakjangga sarwi sikil  
tibeng sirah karya napuk  
tan kendhat binareng lan gong.

68. Klepat ebat lumayu  
prapteng enggon sirig bekur-bekur  
sumbar-sumbar guyu ngakak belik-belik  
junjung sikil sebat-sebut  
ngabruk tameng barang lan gong.

69. Kinarnya duka klangkung  
colat-colot cumolot anapuk

konjem ing pratala lir ginugah sikil  
kagyad tangi nyandhak kestul  
Pragota kinestul jethot.

70. Inggang kinestul timbul  
nulya ngadeg kalihipun  
gangsawuk kang abegsa jengkeng sami  
sinendhonan nembah mundur  
dhadha nyangking tameng-towok.

71. Sigegen kang kawuwus  
amangsuli carita duk dangu  
ing Padhanten Tuwan Dherik tukang-ba'nggi  
kekalih ing anakipun  
wanodya yu-ayu karo.

72. Pilih inggang andulu  
lamun datan kasmaran ing kalbu  
nonah Liplap agandhes kuning dumeling  
manising ulat andudut  
dyan ngeded tuhu amodot.

73. Jeng Gusti lerepipiin  
neng Padhanten nonah kalihipun  
samyang brangta marang ing putra kekalih  
mring Raden Mas Panji wau  
Jayengtilam de kang anom.

74. Raden Mas Wangsengsantun,  
angung dadya paraning awuyung,  
nonah kalih wus samya diwasa sami  
tan wonten wadi sinamun,  
tuhu tan wados-winados.

75. Kekalih wayang-wuyung  
angung ngadhang-adhang palwa langkung  
palwa mudhik mring Surakarta Nagari  
atur serat ciptanipun  
marang ing satriya karo.

76. Ananging seratipun  
dados kalih nunggil critanipun

lawan nunggal rasaning kang pona'ng tulis  
nanging wijang purugipun  
ponang serat kang suraos.

77. Alami manguk-manguk  
ngongak-ongak nganti palwa langkung  
pan anuju nenggih dina sawiji  
aselur kang palwa langkung  
ing Padhanten kendel kono.

78. Ujer Padhanten iku  
pakendelan sagung palwa langkung  
lan tiniti sagunging palwa lumaris  
pambelah sumyur mring warung  
Nonah kalih sigra gupoh.

79. Kemudhi kang jinujuk  
wusnya pangguh alon tembungipun  
sira paman ing omahira ing ngendi  
lan sapa aranireku  
paningsun takon sayektos.

80. Kang tinanya sumaur  
Surakarta nenggih nagri ingsun  
ing Nusupan desa wisma kula nenggih  
dene ing nama kuleku  
pun Wiradrana namaningong.

81. Nanging mantun kasebut  
jer kawula gih ginanjar sampun  
parab marang Jeng Gusti Pangran Adipati  
Arya Kusumayudeku  
duk marang Madura kinon.

82. Nalikanira methuk  
garwendra kula nonah tinuduh  
ngamudheni titihanira Jeng Gusti  
tan pegat pandangonipun  
mring sagunging marga ewoh.

83. Datan kuciweng atur  
inggih kula tuhu yen pinutus  
anarekah marga ewoh amrih gampil  
pan kula ginanjar juluk  
anenggih pun Anrangkewoh.

84. Nonah kekalhipun  
mesem-mesem sarwi manthuk-manthuk  
kabeneran yen mangkana karep mami  
pamas saya mintak tulung  
nanging paman den awados.

85. Aturna suratingsun  
mring kang putra Jeng Gusti puniku  
Dyan Mas Panji Jayengtilam kang satunggil  
mring Dyan Mas Panji yang satu  
Wangsensari kang sawiyos.

86. Anging ing patrapipun  
den adhemit lan paman sireku  
sun sangoni paman patukone warih  
ya paman aneng delangung  
